Оркестр цIэрыIуэм и тыгъэ лъапIэ

2-нэ нап.

ЩIэблэр зэрыдихьэхым срогуфIэ

3-нэ нап.

КIыхьщ адыгэ пшынэм и гъащIэр

4-нэ нап.

Шыгъажэр зэхаублэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№54 (24.960) • 2026 гъэм накъыгъэм (майм) и 5, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

«Лэгъупыкъум» хуэдэ щыIэкъым

Налшык къалэм еужьэрэкIыу къыщагъэщIэрэщIэж сабийхэм я «Лэгъупыкъу» социально-реабилитацэ центрыр. Абы щекIуэкI лэжьыгъэхэм зыщигъэгъуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

КАВКАЗ Ищхъэрэм иткъым абы хуэбгъадэ хъун. Мы зэманым ар ящыщщ цIыху нэхъыбэ дыдэм медицинэ-социальнэ Iуэхутхьэбзэ яхуэзыщIэ IуэхущIапIэхэм – илъэс къэс абы щакIэлъоплъ, щагъэхъуж узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърыт сабий 3000-м щIигъу.

Мыбы щолажьэ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкIхэр. Дэтхэнэ зы сабийми хуэгъэзауэ абыхэм зэхалъхьэ Iэзэкlэ щхьэхуэхэр, шым тесу къегъэкIухьыныр, механотерапие, кинезиотерапие Iэмалхэр къагъэсэбэпу, Тамбукъан гуэлым къыхах, хущхъуэгъуэ зыхэлъ ятIэхэр ирахьэлIэу. Илъэс кIуам щегъэжьауэ ягъэлажьэ азот-термальнэ псы зыхэт аквапаркыр.

Илъэс 30-кIэ узэIэбэкIыжмэ къызэрагъэпэщащ мы IуэхущIапIэр икIи ар къэгъэщIэрэщIэжыныр Iэмалыншэ хъуат. Ар зэрагъэпэщыж «Псоми зэхуэдэ Iэмал яIэн» къэрал программэм ипкъ иткIэ. Къэрал бюджетым щыщу а лэжьыгъэхэм къыхуагъэсэбэпыну къаутIыпщащ сом мелуани 186-рэ, республикэм ейм щыщу – мелуани 9,7-рэ.

ЦIыкIухэр щагъэжей Iыхьэм еханэ къат къыхагъэхъуэну я мурадщ, иджыри цIыху 50 щIэхуэн хуэдэу, мы зэманым зытещIыхьа 230-м и пIэкIэ. Лэжьыгъэхэр зэфIэкIмэ, сабий центрыр нэхъри ефIэкIуэнущ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ «Лэгъупыкъу» центрыр зэгъэпэщыжыныр зи узыншагъэкIэ никъусаныгъэ зиIэ сабийхэр зыпI унагъуэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэу зэрыщытыр.

«Iуащхьэмахуэ» къапоплъэ

«Iуащхьэмахуэ» щIалэгъуалэ хэкупсэ лагерым КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек мы махуэхэм щыIащ. Ар къыщызэрагъэпэщащ илъэс куэд лъандэрэ мылэжьэжу щыта Налшык дэт «Коммунальник» сабий зыгъэпсэхупIэм икIи зыхуей хуагъэзэжауэ мыгувэу къызэIуахынущ.

НАЛШЫК и курорт щIыпIэм щыIэ а зыгъэпсэхупIэм псори зэхэту гектари 5 къызэщIеубыдэ. Зэпэщ ящIа унэхэм зэкIэ щIэтIысхьэфынущ ныбжьыщIэ 200-м нэс. Мурад зэращIамкIэ, лагерыр илъэс псом лэжьэнущ. Абы къекIуалIэхэм нэгузыужьу, купщIафIэу зэманыр ягъэкIуэфынущ, я узыншагъэри щрагъэфIэкIуэфынущ. Лагерым къедза щIыпIэри зыхуей хуагъэзэ, спортымрэ физкультурэмрэ хуэщIа утыку зэмылIэужьыгъуэхэр, бгы дэкIыпIэ IэрыщIхэр щаухуэ. КъыщынэмыщIауэ щрагъэкIуэкIынущ дзэ-хэкупсэ еджэныгъэхэр. Абыхэм папщIэ щIыпIэ хэхахэри ягъэхьэзыр.

Республикэм и Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, «Iуащхьэмахуэ» лагерыр дзэ-хэкупсэ щIыналъэ центру къагъэсэбэпынущ, апхуэдэуи «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и хэщIапIэу, щIалэгъуалэ туризмэм зыщиужь утыкуу щытынущ.

«ЩIалэгъуалэм папщIэ щIыналъэ» президент программэм къыщыгъэлъэгъуахэр и лъабжьэу къызэрагъэпэща лагерыр зи щIалэгъуэхэм ядэлэжьэнымкIэ IуэхущIапIэ хъарзынэ хъунущ. Ди республикэм нэмыщI, абы Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ щызэIущIэнущ нэгъуэщI щIыпIэхэми къикI щIалэгъуалэр.

УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэу къонэж

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ IущIащ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт.

АХЭР тепсэлъыхьащ профсоюзхэм къапэщыт зи чэзу къалэнхэм зэрапэлъэщым. УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэу къонэж цIыхухэм я лэжьыгъэкIэ, социально-экономикэ я лъэныкъуэкIэ яIэ хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыныр.

Профсоюзхэр жыджэру яужь итщ лэжьыгъэм ехьэлIа хабзэхэр къыщызэпауд къэмыгъэхъуным, апхуэдэ никъусаныгъэхэр наIуэ къэхъуамэ, ахэр гъэзэкIуэжыным, IэнатIэхэм цIыхухэм фэбжь щамыгъуэтын папщIэ щыIэ мардэхэм тетынми я нэIэ тетщ.

Апхуэдэуи и гугъу ящIащ бюджетым епха IуэхущIапIэхэм щылажьэхэр дэIыгъыным, апхуэдэ IэнатIэ пэрытхэм я улахуэхэм яхухэгъэхъуэным.

КIуэкIуэ Казбек Амщокъуэ ФатIимэти республикэм и профсоюз зэгухьэныгъэхэми ехъуэхъуащ махуэшхуэхэмкIэ икIи адэкIи ехъулIэныгъэхэр яIэну зэригуапэр къыхигъэщащ.

Шэджэм аузым щыяпэу

Республикэм щызэрагъэпэщыж гъуэгухэм нэхъ кIыхьу яхэт, Iэмал нэхъ гугъухэр зрахьэлIэ Шэджэм ЕтIуанэ - Булунгу Iыхьэм щекIуэкI лэжьыгъэхэр здынэсам щыгъуазэ зищIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Илъэгъуам ар щытепсэлъыхьыжащ и Макс-напэкIуэцIым.

МЫ ГЪУЭГУМ 2022 гъэм щегъэжьауэ долэжь. Шэджэм Ищхъэрэмрэ Хъущтэ-Сыртрэ я зэхуакум щекIуэкIа лэжьыгъэ Iыхьэр зэфIэкIащ. Илъэсым къриубыдэу, километр 12,5-м нэс гъуэгурэ лъэмыжитхурэ зэIузэпэщ ящIащ. Къуажэхэм пхыкI гъуэгу Iыхьэхэм я Iуфэм япэу уэздыгъэхэр ирагъэувэкIащ.

Республикэм 2022 гъэм Шэджэм аузым япэу къыщехъулIащ къурш щIыIум уэздыгъэхэр тригъэувэныр. Мы лэжьыгъэ гугъур зэфIэдгъэкIынымкIэ альпинистхэр къыддэIэпыкъуащ.

Псыкъелъэхэм япэгъунэгъу, километритI зи кIыхьагъ гъуэгу Iыхьэр 2024 гъэм яутIыпщакIэщ. Республикэм и гъуэгу ухуэныгъэм и тхыдэм мыпхуэдэ инженер-техникэ лэжьыгъэ гугъу хэтакъым пхужыIэнущ. Лэжьыгъэхэр псы жапIэхэм щрагъэкIуэкIын хуей хъуащ, псыхэр къимыу щIыкIэ, и Iуфэхэр ягъэбыдэну хунэсын папщIэ. Гъуэгумрэ километр 815-рэ зи кIыхьагъ блын щIэгъэкъуэнхэмрэ псым имыхьын хуэдэу, хэбгъэзэгъэну гугъу дыдэ инженер ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ абдежым.

Нобэ ухуакIуэхэр йолэжь километр 25-рэ зи кIыхьагъ, Шэджэм псыкъелъэхэмрэ Булунгурэ зэпызыщIэ гъуэгушхуэм. Мыбдежым лэжьыгъэм къыдэкIуэу, лъэмыжи 9 щызэрагъэпэщыжащ, уеблэмэ щIэуэ щаухуэжащ жыпIэ хъунущ. Езы гъуэгур абы щхьэкIэ зэхуащIакъым, пIалъэкIэ лажьэ ухуэныгъэхэмкIэ зэрагъэпэщати.

Псыкъелъэхэмрэ Булунгурэ я зэхуакум асфальтобетон тралъхьакIэщ, гъуэгум и гъунэхэр ягъэбыдащ, щIэгъэкъуэнхэри хагъэзэгъащ.

Эль-Тюбю дэлъэдапIэм щегъэжьауэ Булунгу нэс, километри 6-кIэ гъуэгубгъум уэздыгъэхэр ирагъэувэкIынущ, шынагъуэншэ зыщI IэмэпсымэхэмкIи зэрагъэпэщынущ.

Илъэс хъурейм шынагъуэншэу къэбгъэсэбэп хъуну гъуэгу гуп зэрызэфIэувэм шэч хэлъкъым. Абыхэм я фIыгъэкIэ турист зекIуапIэхэми нэхъ тыншу уалъэIэсынущ, псори щIыналъэм и зыужьыныгъэм къаруущIэу къыхэувэнущ.

Дызэрыт илъэсым иджыри километри 143-рэ зи кIыхьагъ гъуэгухэр зэдгъэпэщыжыну къалэн зыщытщIыжащ. Фигу къэзгъэкIыжынщи, Налшык и уэрами 10 хеубыдэ зи гугъу сщIыхэм: Байсултановым и цIэр зезыхьэр, Калининградскэр, ПащIэм, Тэрчокъуэм, Руставели, Мэзлом я цIэхэр зезыхьэхэр, Абыдэм и цIэр зезыхьэмрэ Тепличнэмрэ зэпызыщIэр, Убых уэрамыр, Гоголым и цIэр зезыхьэр – псори зэхэту километр 12-м нэс. Машинэ зекIуапIэхэр нэхъ бгъуэ ящIын, псыр щIэзыш бжьамийхэр зыхуей хуэгъэзэн, асфальтыщIэ телъхьэн, Iэгъуэблагъэр зэлъыIухын къалэнхэр зыхуагъэувыж.

КъинэмыщIауэ, унэ зэхуакухэр зэIузэпэщ щIыным епха, илъэсищкIэ лажьэ программэри гъуэгу техьакIэщ. Дызэрыт гъэм километр 31-рэ къалэ кIуэцIым зыхуей щыхуагъэзэнущ. Илъэс къэс лэжьыгъэм щIыпIэ нэхъыбэ къызэщIиубыдэнущ.

ЗэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ. Абы щыхэплъащ Iуэху тIощIым щIигъум.

АБЫХЭМ ящыщщ «КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм теухуауэ» КъБР-м и Законым и 38-нэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» республикэ законым и проектыр. КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил зэрыжиIамкIэ, ар хуэунэтIащ КъБР-м и КСП-м и лэжьыгъэр зыубзыху дэфтэрхэр зэгъэзэхуэжыным.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ, федеральнэ закон зыбжанэ къызэращтам къыхэкIыу, зэрагъэзэхуэжыну къыхалъхьа «КъБР-м хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ зегъэужьыным ехьэлIауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» законопроектым.

Апхуэдэуи хэплъащ «КъБР-м хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэу КъБР-м щыIэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. Хабзэубзыху IуэхущIапIэм ЭкономикэмкIэ, зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур жиIащ федеральнэ законым къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэм и къулыкъур зы цIыхум пIалъитI нэхъыбэ иIыгъыну зэрыхуимытыр хагъэкIыну къызэрыхалъхьэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «КъБР-м и Тхылъ плъыжьым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлIауэ» республикэ законопроектым. КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш IуэхухэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур жиIащ «Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным и IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 60-нэ Iыхьэм и гуэдзэнышIэхэр къэлъытауэ, зи гугъу ящI законопроектым и 6-нэ Iыхьэр щIэрыщIэу ятхыжыну къызэрыхалъхьэр. Абы къикIращи, Тхылъ плъыжьым иратха псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ хъумэныр зэхъуэкIыныгъэщIэм тету къызэрагъэпэщын хуейщ.

Законхэм я проектхэр IуэхущIапIэхэм хуагъэхьащ зэгъэзэхуэжын хуейхэр, унафэхэр ягъэхьэзырын папщIэ. Абыхэм елэжьа нэужь, КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм щыхэплъэнущ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ федеральнэ законхэм я проектхэми, УФ-м и щIыналъэхэм къикIа жэрдэмхэми, зэрызыхуагъазэхэми. Къапщтэмэ, абыхэм зэдэарэзыуэ даIыгъащ гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэм щыгъэбелджыла «машинэ зехуэкIэ шынагъуэ» псалъэхэм къарыкIым зегъэубгъунымрэ апхуэдэм ехьэлIауэ административнэ жэуап гъэувынымрэ теухуауэ гъунэгъу щIыналъэхэм къыхалъхьа я законопроектыр.

КъищынэмыщIауэ, депутатхэм унафэ къащтащ къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIым, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зэрадэIэпыкъум папщIэ, ветеранхэм я «Боевое братство» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм хэт зыбжанэм КъБР-м Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратыну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Утыкушхуэм къыхуигъэщIащ Iэюб

Таджикистаным и къалащхьэ Душанбе къикIыу накъыгъэм и япэ махуэхэм хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ. «Dushanbe Grand Slam 2026» фIэщыгъэр зэрихьэу дзюдомкIэ «Тажышхуэр» къэхьыным хуэунэтIауэ а щIыналъэм щекIуэкIа дунейпсо зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр щиубыдащ ди республикэм щыщ бэнакIуэ Блий Iэюб.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек гулъытэншэу къигъэнакъым ди щIалэм и ехъулIэныгъэр.

«Аргуэру сохъуэхъу ди лъахэгъу, урысей дзюдоист Блий Iэюб и «дыщэ» текIуэныгъэ гъуэзэджэмкIэ!

Нобэ Iэюб япэ увыпIэр къыщихьащ Душанбе щекIуэкIа «Тажышхуэм». КIэух зэхьэзэхуэм килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж ди дзюдоистым щыхигъэщIащ Украинэм и лIыкIуэр.

Фигу къэзгъэкIыжынщи, ди спортсменхэр хуит хъужащ Урысейм и ныпымрэ гимнымрэ щIэту зыкъагъэлъэгъуэну.

Гум къыбгъэдэкIыу Iэюб фIыщIэ хузощI и ерыщагъымрэ Iэзагъ лъагэ зэриIэмрэ папщIэ.

Сохъуэхъу ди чемпионым, абы и тренерхэм узыншагъэ быдэ, берычэт, насып яIэну, иджыри спорт ехъулIэныгъэ куэд ди Хэкум и щIыхькIэ зыIэрагъэхьэну!» - щитхащ республикэм и лIыщхьэм Максым щиIэ и каналым.

Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ ди адыгэ щIалэм зэIущIиплI Душанбе щригъэкIуэкIати, псоми щытекIуащ, ар къызэрыхагъэщIэн зы Iэмал и хьэрхуэрэгъухэм яримыту.

ЯпэщIыкIэ, Iэюб хуэзащ хэгъэрейхэм я бэнакIуэ, щIалэгъуалэм я дунейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуа Шамсов Икром икIи псынщIэ дыдэу хигъэщIащ. КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэм абы къыщыпэщIэтащ Узбекистаным и дзюдоист Мушарипов Мухьэмэдджон. Пэжыр жыпIэмэ, Блийр абы тIэкIу гугъу дехьащ, ауэ, зэпеуэм и бжыгъэр 2:0-у къыфIихьащ.

Финалым и Iыхьэ никъуэм ди щIалэр аргуэру хуэзащ Таджикистаным и бэнакIуэ Кудбунинов Лоиг. Мыбдежым, Iэюб и хьэрхуэрэгъур, и «губгъуэм» зэритыр къигъэсэбэпу, ерыщу къыпэщIэтащ икIи зэIущIэм хухаха зэманыр зэрытемыгъэкIуауэ и кIэм нагъэсри, абы къыщIагъужащ. Хэгъэрей щIалэм къыдэщIхэм ар текIуэныгъэм къыхураджэрт, зэрыжаIэу, зыщIэс пэшыр къагъэпсалъэу. АтIэми, дауэ хъуами, Блийм ари тригъэкIуэтащ, зэIущIэм и бжыгъэр 10:0-у.

Финалым Iэюб къыщыпэщIэтащ Украинэм и бэнакIуэ Лесюк Артем. Ди щIалэм иригъэкIуэкIа зэIущIиплIым щыщу, къызэрытщыхъуамкIэ, къару нэхъ мащIэ зытригъэкIуэдар аращ, «иппонкIи» ар къыфIихьащ.

Къыхэдгъэщынщи, ДзюдомкIэ дунейпсо федерацэм и нэIэ щIэту ирагъэкIуэкI дунейпсо турым и Iыхьэу щытащ иджырей зэхьэзэхуэр икIи спортсменхэм абы Iэмал щаIащ олимпиадэмрэ нэгъуэщI зэIущIэшхуэхэмрэ къызэрахых рейтинг очкохэр къыщахьыну. Псалъэм къыдэкIуэу, япэ увыпIэм пэкIуэу балл 1000, етIуанэм – балл 700, ещанэм – балл 500 ятащ.

ЗэIущIэм щызэпеуащ къэрал 34-м я бэнакIуэу, щIалэхэри хъыджэбзэхэри зэхэту, 250-рэ икIи ахэр гуп 14-у гуэшауэ щытащ. УФ-м и спортсмену 22-рэ абы щыIащ.

Блий Iэюб дежкIэ къэдгъэзэжынщи, мазэ ипэкIэ ди щIалэм УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер цIэ лъапIэм и дамыгъэмрэ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» етIуанэ нагъыщэ зиIэ орденым и медалымрэ кърατыжащ.

2024 гъэм Урысей Федерацэм и чемпионатыр къиихьащ, 2025 гъэм европей чемпионатым - етIуанэ, дуней псом - ещанэ щыхъуащ, «Тажышхуэр» плIэ къиихьащ, иужьрейр хэту.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ!

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! 2026 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пIалъэр къызэIуахащ.

Ди ныбжьэгъу пэжу адэкIи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэмкIэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэщ:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;

фэ езым пощтым къыщеIыфхыжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и IуэхущIапIэ псоми. Ди газетым Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

Ди индексыр П 5894.

Лъостэным и гур зэIухат

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щагъэлъэпIащ а еджапIэм и ректору щыта Лъостэн Владимир къызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъур. УнафэщI, щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБКъУ-м и закъуэ мыхъуу, республикэми зиужьыныкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыха цIыхушхуэр ягу къыщагъэкIыжа «Iэнэ хъурейр» къызэрагъэпэщат университетым хэт щIэныгъэ библиотекэмрэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиемрэ зэщIыгъуу.

ЛЪОСТЭНЫР 1931 гъэм накъыгъэм и 2-м Шэрэдж куейм хыхьэ Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. Налшык курыт еджапIэ №2-р ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Москва дэт Бгылъэ институтым щIэтIысхьащ. Къыхиха IэщIагъэр и псэм къызэрыдэмыхьэм гу щылъитэм, абы еджэныр нимыгъэсу къыщIэкIыжри, къыкIэлъыкIуэ илъэсым щIэтIысхьащ Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым и философие факультетым. А лъэхъэнэрщ къызэгъэпэщакIуэ зэфIэкI лъагэхэр зэрикъуэлъыр наIуэ къыщыхъуари.

Лъостэн Владимир мызэмытIэу СССР-м, КъБР-м я Совет Нэхъыщхьэхэм я депутату хахащ. Илъэс зыбжанэкIэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и тхьэмадэм и къуэдзэу щытащ, «Хэку» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, республикэм и вузхэм я ректорхэм я советым я унафэщIу лэжьащ. Апхуэдиз зэфIэкI зыбгъэдэлъа Лъостэным къэралым дамыгъэ лъапIэ куэд къыхуигъэфэщащ. Абыхэм ящыщщ Бэракъ Плъыжь, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденхэр, медаль, щIыхь тхылъ зыбжанэр. КъыфIащащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр, ИнформатикэмкIэ дунейпсо академием и академикт.

Лъостэныр унафэщI зэрыхъуам, абы еджапIэ нэхъыщхьэр зэрыригъэфIэкIуам тепсэлъыхьащ КъБКъУ-м и проректор, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат ГъукIэпщокъуэ Мурат:

- ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэту республикэм къэзыгъэзэжа Лъостэныр япэщIыкIэ КПСС-м и Къэбэрдей обкомым и къудамэхэм ящыщ зым инструктору, иужькIэ партым и Прималкэ райкомым и етIуанэ секретару ягъэуващ. Лэжьыгъэм хуэIэижьу гу зылъата IэщIагъэлIым мыгувэу къыхуагъэфэщащ партым и Тэрч куей комитетым и япэ секретарь къулыкъур, итIанэ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и парткомым и секретарь къалэныр. Сыт хуэдэ IэнатIэми Лъостэным зыкъыщигъэлъэгъуащ жэуаплыныгъэ зыхэзыщIэ унафэщIу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу. Къыдэлажьэхэм ар къызэралъытэр унафэщI къудейуэтэкъым, атIэ дэтхэнэми чэнджэщэгъуфIу, гу зэIуха зиIэ ныбжьэгъу пэжу яIэт. 1961 - 1969 гъэхэм Лъостэным и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием. Философие щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуа нэужь, Владимир философиемкIэ абы и кафедрэм и егъэджакIуэу, и унафэщIу лэжьащ. Лъостэныр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу щагъэувам, абы лэжьыгъэм «бэуэкIэщIэ» хилъхьауэ щытащ. Апхуэдэу Iуэхущ IапIэм зэпыщIэныгъэщIэхэр яхуиIэ хъуат, Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ нэмыщI, Кавказыр зыджу къэралым ис нэгъуэщI щIэныгъэлIхэми. Ди республикэм щIэныгъэм нэхъри зыщегъэужьыным сыт щыгъуи хущIэкъурт Лъостэныр. Москва, Ленинград, нэгъуэщI къалэшхуэхэм я вузхэм я аспирантурэхэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуэну КъБКъУ-р къэзыуха щIалэгъуалэ лъэрызехьэхэр игъакIуэрт. Ди щIыналъэм хиубыдэ дэтхэнэ зы жылэми я тхыдэр джын щIадзауэ щытащ Владимир и жэрдэмкIэ. Ар езыри жыджэру хэтт къэхутэныгъэхэм. Апхуэдэ лэжьэкIэщIэм и фIыгъэкIэ институтыр зэман кIэщIым къриубыдэу езым хуэдэ IуэхущIапIэхэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэхэм я нэхъыфI хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щагъэува 1973 гъэм Лъостэн Владимир и ныбжьыр зэрыхъур илъэс 42-рэт. Ауэ щIыхь лъагэрэ жэуаплыныгъэ инрэ зыпылъ апхуэдэ къулыкъу мытыншым пэрыхьа адыгэ щIалэр къыщыдзыха къэхъуакъым. Илъэс 21-кIэ ирихьэкIащ абы а къулыкъур. А лъэхъэнэм къриубыдэу нэхъ наIуэж къэхъуащ Лъостэным зэчийуэ бгъэдэлъым и инагъыр, иIэ щIэныгъэм и куугъыр, - жиIащ ГъукIэпщокъуэм.

Лъостэн Владимир дэлэжьахэм, ар зыцIыхуахэм нобэр къыздэсым яIуэтэж республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэр езым хуэдэхэм фIыкIэ къахэщ зэрищIар. Абы къыщызэригъэпэщат докторантурэ, кандидат, доктор диссертацэхэр пхыгъэкIынымкIэ совет щхьэхуэхэр. А лъэхъэнэм щIадзащ техникэ лъэрызехьэхэр университетым щыгъэувынми. Фундаментальнэ, прикладной къэхутэныгъэхэм гулъытэ хэха зэрахуищIар 80 гъэхэм я пэщIэдзэм физикэ, химие, полимер технологие, экологие къудамэхэр университетым щефIэкIуэным хуэщхьэпащ.

Апхуэдиз лэжьыгъэшхуэм ехъулIэныгъэфIхэри къыпэкIуащ. ИкIи 1980 гъэхэм я пэщIэдзэм КъБКъУ-м Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орденыр - къыхуагъэфэщауэ щытащ. Университетыр Кавказ Ищхъэрэм щIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэ нэхъыфIхэм хабжащ.

Профессор, щIэныгъэлI, егъэджакIуэ, гъэсакIуэ Iэзэм и къалэнхэм дэщIыгъуу жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэшхуи зэфIигъэкIыу щытащ. А псоми къыдэхуэу студентхэм, аспирантхэм, егъэджакIуэхэм я Iуэху зэIумыбзхэми гу лъитэрт, и къару къиих къимыгъанэуи ядэIэпыкъурт. Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ Мамсыр Хьэмидбий игу къигъэкIыжащ Лъостэным къыхуищIар:

- Аспирантурэм сыщIэсу, сыунагъуэу, ди бын пажэри диIэххэу дачэм дыщыпсэурт. Гугъу дехьырт. А зэманым дачэхэм ущыпсэууэ ядэртэкъым, къызэращIэу, уэздыгъэр паупщIырт. Куэдрэ убзыщIынт?! Арами, сыIэмалыншэт. Лъостэным къищIащ си щэхур. Сриджэри, тIкIийуэ къыщIэупщIащ си Iуэху зыIутым. Сэри ехьэкIкъехьэкI хэмылъу псори хуэсIуэтащ. Абы щыгъуэ университетым и лэжьакIуэхэр фэтэр зратынухэм я чэзум ягъэувурэ, псэуалъэкIэ къызэрагъэпэщын хуейуэ хабзэ щыIэт. Ауэ щыхъум, Лъостэным къызжеIэ: «Чэзум узгъэуврэ фэтэр къуатмэ нэхъыфIщ. ИтIанэ уи кандидат лэжьыгъэм нэхъ хуиту улэжьынщ, унагъуэри зыхуей нэхъ хуэбгъэзэнщ». Сызыщымыгугъат! Си пщIыхь нэхъ IэфI дыдэхэми зэи къыхэмыхуа хъуэпсапIэт ар. Мис апхуэдэу къыздэIэпыкъуауэ щытащ Лъостэныр. Абы щIэныгъэ, жылагъуэ лэжьыгъэу зэфIихым къыдэхуэу дэ, университетым и еджакIуэхэм, лэжьакIуэхэм гулъытэ къытхуищIыну хузэфIэкIырт, цIыхуфIт, - жиIащ щIэныгъэлIым.

Апхуэдэу, Лъостэныр псалъэ гуапэкIэ ягу къагъэкIыжу зэIущIэм къыщыпсэлъащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Гъут Iэдэм, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Хъурей Арсен, тхакIуэ, журналист Котляровэ Марие, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ секретарь, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий, нэгъуэщIхэри.

- Лъостэн Владимир сэрэ зы къуажэ дыкъыдэкIащ. Ар зымыцIыхуам къебгъэцIыхун папщIэ, мы зэIущIэм къыщапсэлъа гукъэкIыжхэм щыбгъэгъуэзэн хуейуэаращ. Абы теухуа дэтхэнэ хъыбарри гъэнщIащ цIыхунагъкIэ, щIыхь лъагэкIэ, хуабагъэкIэ. Куэдым ядэIэпыкъуащ, куэди лъагъуэ тригъэуващ Лъостэным. Сэри сцIыхуащ а лIы щэджащэр икIи зыдэIэпыкъуахэм сащыщщ. ИкIи нобэр къыздэсым зэхузохьэс Владимир теухуа тхылъхэр, газетхэм, журналхэм къытехуэ тхыгъэхэр. Дэтхэнэ зыми, къытебгъэзэжурэ, ущIэджыкIыху умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым абы хузэфIэкIыу щытар. УнафэщI гъуэзэджэт ар. Университетым псэ къыхэзылъхьэжар, зезыгъэужьар, и щIыхьыр зыIэтар Лъостэнырщ. Ар къыхуалъхуат зэрихьа къулыкъум. КъызыхэкIа унагъуэм утепсэлъыхьмэ, нэрылъагъущ, нэгъуэщI гъуэгу къыхихыну зэрыщымытар: абы и адэри адэшхуэри еджат, щIэныгъэшхуэ ябгъэдэлът, IэщIагъэ дахэ яIэт. ЩIэныгъэхэмкIэ кандидат сыхъуауэ Ростов къалэм дэт къэрал университетым сыкъыщикIыжам, Владимир лэжьапIэ сыкъиштауэ щытащ. Си Iуэху зэхуэмыхъуми, чэнджэщ сыхуейми зэи утыку сыкъринакъым, си щхьэ есхьэлIакIи сыкъигъэщIэхъуакъым. 1994 гъэм фокIадэм и 14-м дунейм ехыжащ Лъостэныр. ГъащIэ кIыхьу щымытами, щIэныгъэм, тхыдэм лъэужь дахэ къыхинащ абы. Нобэр къыздэсым цIыхум щапхъэу къахуэпхьыну зыхуэфащэт Владимир, - жиIащ Щхьэгъэпсом.

Лъостэн Владимир и цIэр Налшык къалэм и уэрамхэм ящыщ зым фIащащ, абы и фэеплъыр КъБКъУ-м и пэIущIэм щIэтщ, и гъащIэр щхьэузыхь зыхуищIа лэжьыгъэми пащэ абы и гъэсэнхэм.

ФЫРЭ Анфисэ.

Оркестр цIэрыIуэм и тыгъэ лъапIэ

КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым мэлыжьыхьым и 30-м концерт щитащ УФ-м и цIыхубэ артист, Мариинскэ театрымрэ Театр Инымрэ я унафэщI, УФ-м и Президентым щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ дэлажьэ Советым хэт Гергиев Валерий зи пашэ, Мариинскэ театрымрэ Театр Инымрэ я симфоние оркестрым. Ар къызэрагъэпэщащ Москва и XXV IутIыж фестивалым и программэм хыхьэу. Гергиев Валерий и жэрдэмкIэ ар 2002 гъэм ирагъэжьащ икIи къэралым и щэнхабзэ зэхыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы хъуащ.

XXV фестивалыр накъыгъэм и 10 пщIондэ екIуэкIынущ. Мы гъэм ар траухуащ Прокофьев Сергей къызэралъхурэ илъэси 135-рэ, Шостакович Дмитрий - илъэси 120-рэ, фестивалым и зэхэублакIуэхэм ящыщ Лужков Юрий - илъэс 90 зэрырикъум. Фестивалыр къызэрагъэпэщащ УФ-м и Правительствэр, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, Москварэ Урысей псомрэ я Патриарх Кирилл, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек я дэIэпыкъуэгъуу.

Маэстрэ Гергиев Валерий Урысейм и музыкант цIэрыIуэхэм я гъусэу километр мин 20 къызэхекIухь, къалэ 40-м щIигъу къызэщIэзыубыдэ концертхэр ет. Мы гъэм етIуанэу ар ди щIыналъэм къызэрыкIуэр насыпышхуэу къалъытащ классикэ макъамэр фIыуэ зылъагъухэм. Оркестрым игъэзэщIащ совет, урыс композитор цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм щыщ.

Гергиев Валерий журналистхэм зыкъыщытхуигъэзам къыджиIащ Налшык етIуанэу мы гъэм къызэрыкIуэр, СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цIыхубэ артист, Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Санкт-Петербург щIыхь зиIэ и цIыху, а къалэм и филармонием и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщIу щыта дирижёр цIэрыIуэ, япэщIыкIэ езыгъэджа, иужькIэ и лэжьэгъу, и ныбжьэгъу хъуа, илъэситIрэ ныкъуэм щIигъуауэ къытхэмытыж Темыркъан Юрэ зэрыдэлэжьам зэрыригушхуэр икIи мы пшыхьыр абы и фэеплъу зэрыщытыр. Консерваторэр къиуха къудейуэ, щIалэ дыдэу, иджыри IэщIагъэм хэзэгъэну хунэмысауэ, Темыркъаным и ассистенту ар иригъэблэгъауэ щытащ Ленинград и Кировскэ театр цIэрыIуэм. Валерий зэрыжиIэмкIэ, Темыркъан Юрэ абы щыгъуэ къыхуищIар зэи щыгъупщэнукъым.

Гергиев Валерий къыхигъэщащ щIыналъэм дежкIэ мыпхуэдэ щэнхабзэ зэхыхьэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, театр теплъэгъуэ щIэщыгъуэхэр ди деж щыгъэувыным, зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъуным республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и гъусэу зэрытепсэлъыхьар. Владикавказ къыщыхъуа артистым лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр зэрылъапIэр зыхещIэ икIи ди зэхущытыкIэхэр нэхъри зэригъэбыдэнум хущIокъу. Гергиевым жиIащ Кавказым щIэх-щIэхыурэ зэрызыкъыщагъэлъагъуэр, Темыркъан Юрэ и лэжьыгъэхэр, псом хуэмыдэу абы и спектаклхэр, ягу къагъэкIыж къудей мыхъуу, зэрахъумэр, ахэр щIэблэм я деж зэрынахьэсыным зэрыхущIэкъур. Абы щIигъужащ Владикавкази Налшыки Кавказым и фестиваль инхэр щрагъэкIуэкI къалэ хъун, макъамэмрэ гъуазджэмрэ дахьэххэм дуней псом щыцIэрыIуэ музыкантхэм я лэжьыгъэхэр зэхахын хуейуэ къызэрилъытэр, Мариинскэ театрымрэ Театр Инымрэ я артистхэмрэ республикэм и артистхэмрэ зэдигъэлэжьэну зэрыхьэзырыр, оперэхэр, балетхэр зэдагъэув, камернэ концертхэр зэгъусэу ят, щэнхабзэ и лэжьыгъэхэмкIэ зэхъуажэ зэрыхъунур, къайхъулIэмэ, гъэ къэси Налшык къэкIуэну зэрамурадыр.

Концертыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и тхыдэм къыхэнэн Iуэху дахэщ. Шэч хэлъкъым мыпхуэдэ пшыхьхэм щIыналъэм и зыужьыныгъэр, щэнхабзэ Iуэхухэр зэрырагъэфIакIуэм. ЗэфIэкIышхуэ зиIэ симфоние оркестрым ди къэралым и мызакъуэу, дуней псом щэнхабзэ лъагэр тыгъэ хуещI.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Бзэхэм ятеухуа щIэнIуатэ

Къэзан къалэм, «Адымнар - щIэныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я гъуэгу» зыфIаща, бзэхэр щадж IуэхущIапIэм щекIуэкIащ анэдэлъхубзэм и мыхьэнэм теухуа дунейпсо щIэнIуатэ (конференц). Iуэхур къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм Лъэпкъыбзэхэмрэ и институтымрэ Тэтэрстаным ЩIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ. Ар ядиIыгъащ Урысейм ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм. Нэхъыщхьэу абы щытепсэлъыхьащ бзэ зыбжанэ яджыныр къызэгъэпэща зэрыхъунум.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ икIа гупым яхэту Къэзан щыIащ Шэджэм къалэм дэт «Ручеёк» сабий садым и унафэщI КIэрэф Ларисэ, Къамлыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и унафэщI МахуэлI Анжелэрэ абы и къуэдзэ КIэмпIу Iэсиятрэ. ЩIэнIуатэм къызэщIиубыдащ IыхьиплI: анэдэлъхубзэхэр джынымкIэ иджырей Iэмалхэ; сабий садым кIуэ цIыкIухэм анэдэлъхубзэр егъэщIэныр; анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэм Iэмал нэхъыбэ хэлъхьэныр; лъэпкъ-щэнхабзэ Iуэхухэр щIэныгъэ-методикэ къэхутэныгъэхэмкIэ щIэгъэбыдэныр.

КIэрэф Ларисэ тепсэлъыхьащ сабий садым щыIэ сабийхэм бзэ зыбжанэкIэ ядэлэжьэным теухуауэ езыхэм ялэжьхэм, цIыкIухэм я бзэр къута хъунымкIэ я Iэмалхэр зыхуэдэм.

- ЩIэнIуатэм къыщыдгъэлъэгъуащ анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэджынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдгъэсэбэп Iэмалхэр. Урысейм и щIыналъэхэм бзэр щIэблэм зэрыщрагъэджым и щапхъэхэм зыщыдгъэгъуэзащ, егъэджакIуэхэм я чэнджэщхэм дыщIэдэIуащ. Дэ дызэщхькъым, ауэ дызэпещIэ цIыкIухэр фIыуэ зэрытлъагъум, ди IэщIагъэм дызэрыхуэпэжым. Мы щIэнIуатэр икъукIэ сэбэп хъуащ лъэпкъ куэд щыпсэу ди къэралым щызекIуэ щэнхабзэ дахэхэм нэхъ кууэ зыщыдгъэгъуэзэнымкIи, - жиIащ КIэмпI Iэсият.

ЩIэнIуатэм хэтахэм зыщрагъэплъыхьащ Къэзан щыIэ лъэпкъ гимназиехэмрэ еджапIэхэмрэ, щэнхабзэ, спорт, дин IуэхущIапIэхэр ирагъэлъэгъуащ, къалэм и тхыдэм, иджырей псэукIэм теухуа хъыбархэм ирагъэдэIуащ.

ГЪУЭТ Синэ.

Улахуэр здынэсар

2026 гъэм и щIышылэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ику иту щат улахуэм и куэдагъым проценти 10,1-кIэ хэхъуащ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ - сом мин 54,9-рэ хъуащ ар. ЩIыналъэм щыщыIа инфляцэм тещIыхьауэ улахуэхэм ипэжыпIэкIэ процентi 3,8-кIэ хэхъуащ.

КЪЭБГЪЭЛЪАГЪУЭМЭ, улахуэхэр нэхъыбэу щаIэтар мэкъумэш IэнатIэрщ - къапщытэж пIалъэм къриубыдэу хуэдэ 1,6-кIэ хэхъуащ. Апхуэдэуи, бжыгъэфIхэр къагъэлъэгъуащ цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэзыщIэ IуэхущIапIэхэмрэ (процент 38-рэ) продукцэ къыщIэзыгъэкIхэмрэ абыхэм елэжьхэмрэ (процент 21,3-рэ).

КъищынэмыщIауэ, республикэм ику иту щат улахуэм и куэдагъыр Кавказ Ищхъэрэм къыщекIуэкIхэм лъыщIыхьэжащ икIи процент 96,7-рэ ар хъуащ (КИФЩI-м а бжыгъэр сом мин 56,7-м ныщызэрохьэс). 2025 гъэм и шыщхьэуIум КъБР-м и бюджет IэнатIэхэм щылажьэхэм я улахуэхэм проценти 10-кIэ зэрыхагъэхъуам къыдрищIеящ ар.

Медицинэ IэнатIэм щылажьэхэм я хэхъуэр республикэм зыхуигъэувыжа плъапIэхэм нэблэгъащ: дохутырхэм ику иту сом мин 78,2-рэ къахь (щIыналъэм ику иту щат улахуэм тещIыхьауэ - проценти 199,7-рэ). ЕгъэджакIуэхэм (школхэм щылажьэхэм) я улахуэхэр сом мин 43,9-рэ мэхъу (проценти 112-рэ).

2026 гъэм республикэм и лэжьапщIэ фондым процент 16-кIэ хэхъуащ икIи сом мелард 31,2-м щIигъуащ ар.

ЩЭУЕЙ Былэ.

Зи насып къикIахэр

«Артек» дунейпсо сабий зыгъэпсэхупIэр илъэсищэм щIигъуауэ мэлажьэ ныбжьыщIэхэм я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэным, я нэгу зрагъэужьыным тещIыхьауэ. Сабиигъуэм, гуапагъэм, ныбжьэгъугъэм я лъахэ хъуащ ар.

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ «Артек» дунейпсо сабий центрымрэ зэраухылIа зэгурыIуэныгъэм тету, ди республикэм щыщ сабий зэчиифIэхэр хэтыну Iэмал яIэщ зыгъэпсэхупIэм и зэблэкIыгъуэ (смена) 15-м. Абы ягъэкIуэну зи насып къикIхэм ехъулIэныгъэхэр къыщагъэлъэгъуащ еджэным, спортым, щэнхабзэм, жылагъуэ Iуэхум. Илъэс кIуам «Артек»-м щыIащ ди щIыналъэм щыщ сабий 232-рэ.

ТворчествэмкIэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ республикэм и курыт еджапIэхэм щеджэ ныбжьыщIэхэр «Артек» сабий центрым зэрагъакIуэм иращIэкIа зэIущIэ. НыбжьыщIэхэр тхьэмахуэкIэ щыIэнущ Аю - Даг бгым и лъапэм, ахэр «Артек»-м щекIуэкI Iуэху дахэхэм хэтынущ. Ди сабийхэм ящыщ «Артек»-м кIуащ етхуанэ зэблэкIыгъуэм хиубыдэу щыIэну.

НАФIЭДЗ Людэ.

Иджы МАХ-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы МАХ-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ IэмалкIи зэпыщIауэ дызэрыщытынум дыщогугъфIыкI. Фэ япэу къэфщIэфынущ щIыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщIэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкIэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт цIыхухэм. Ди каналым Iэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкIэ къридзэну ссылкэм тефкъузэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщIа дызэрыхъунур!

Дунейм щыхъыбархэр

Урысей псор къыпэджэжащ

УФ-м и Президентыр тхьэмахуэ кIуам яхуэзащ Дагъыстэн Республикэм и лIыкIуэхэм. Путин Владимир абыхэм яжриIащ щIыналъэм и унафэщIыр нэгъуэщI IэнатIэ зэрагъакIуэр, апхуэдэу Iэтащхьэр и къулыкъум зэрыпэрытыну пIалъэр мы гъэм и бжьыхьэм зэрикIыр.

РЕСПУБЛИКЭМ и ЦIыхубэ Зэхуэсым и спикер Аскандеров Заур къигъэлъэгъуащ а къулыкъум Дагъыстэным и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщI Щукин Федор ягъэувыну. Президентыр абы и кандидатурэм арэзы техъуащ, Щукиным фокIадэм екIуэкIыну хэхыныгъэхэр къэсыху щIыналъэм и унафэщI къалэнхэр игъэзэщIэнущ.

Апхуэдэу а зэIущIэм Аскандеров Заур щыжиIащ Дагъыстэным псыдзэм и зэранкIэ къыщыхъуа насыпыншагъэм Урысей псор къызэрыпэджэжар, абы и щIыналъэ псоми къикI дэIэпыкъуныгъэхэр къэазэрылъэIэсар. Псом хуэмыдэу абы игъэщIагъуэу къиIуэтэжащ Ленинград блокадэм хиубыда нанэм цылъэпэдхэр къазэрыхуигъэхьар.

«Ар пэжщ, - жиIащ Путин Владимир. - А гузэвэгъуэм цIыхушхуэ зэкъуигъэуват. Ар гуапэ пщымыхъуу къанэркъым, ауэ згъэщIагъуэркъым. Дагъыстэнхэр цIыху гущIэгъулыщ. Къапщтэмэ, Урысей псор зэрызэхэтыр апхуэдэущ».

ХэхакIуэхэм я дзыхьыр ягъэпэж

УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэ Медведев Дмитрий жиIащ зи пашэ «Урысей зэкъуэт» партыр къэралым и политикэ къару лъэщу, абы и программэр цIыхухэм дэIэпыкъуныгъэ щхьэхуэхэр яхуэщIэным хуэунэтIауэ зэрыщытыр.

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и къалэныр зыхуэдгъэувыжахэр гъэзэщIа зэрыхъуну щытыкIэр убзыхунырщ. Иджыпсту къэралыр зэрыт щытыкIэр къэплъытэмэ, ар тыншкъым. Ауэ къэралым и политикэ къару нэхъыщхьэу дыщыщыткIэ, дэ а IуэхумкIэ жэуап дохь», - щыжиIащ абы «Урысей зэкъуэт. Лэжьыгъэм кърикIуахэр!» форумым.

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ дэтхэнэ зы партым дежкIи хэхакIуэхэм кърагъэз дзыхьым нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр, блэкIа илъэсхэм ар зэрагъэпэжыным зэрыхущIэкъуар, иджыри егугъуу абы иужь зэритынур.

Накъыгъэм и 5, *гъубж*

♦Някъуэдыкъуэхэм я уитыныгъэхэм щIэбэныным и дунейпсо махуэщ

♦**1920 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Мэсей Аслъэнджэрий**.

♦**1922 гъэм** къалъхуащ 1960 - 1975 гъэхэм КъБАССР-м и прокурору лэжьа, юстицэмкIэ къэрал чэнджэщакIуэу щыта, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, генерал-майор **Ансокъуэ Мухьэрбий**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Ленин гъуэгу» («Адыгэ псалъэ») газетым жэуап зыхь и секретару илъэс куэдкIэ щыта **Апажэ Назир**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къардэн Iэбубэ**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ дохутыр **Бахъсэн Хьэмэдэ**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, ЩIДАА-м и академикыу щыта, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн**.

♦**1944 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Джырандокъуэ Верэ**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ Адыгейм и цIыхубэ сурэтыщI **ПэтIуащIэ Феликс**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЛIыс Мухьэмэд**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалмыкъ Кларэ**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Хьэмыку Жаннэ**.

♦**1967 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Мысост Вадим**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 6, *бэрэжьей*

♦Москва и гербымрэ и ныпымрэ я махуэщ

♦**1939 гъэм** Налшык шыгъэжапIэ къыщызэIуахащ.

♦**1875 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхыдэдж, узэщIакIуэ **Долэт-Джэрий СултIан**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ адыгей философ, еджагъэшхуэ, тхакIуэ, социологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Хьэгъур Айтэч**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ абазэ тхакIуэ, КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ **Мхъыцэ Чэрим**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым дыгъуасэ къыщалъхуащ сабий 15. Абыхэм ящыщу 10-р хъыджэбз цIыкIущ, 5-р щIалэщ.

Накъыгъэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 72-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЗымыщIэф унафэ щIынкIэ ерыщщ.

Идар и «Дэ 12»-р



Этнограф, IуэрыIуатэдж, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат ЦIыпIынэ Идар адыгэбзэмрэ адыгэ хабзэмрэ щIэблэм зэрабгъэдилъхьэм къыдэкIуэу, зэпымыууэ лъэпкъым хуэгъэпса лэжьыгъэ щхьэпэхэр ирегъэкIуэкI. Абыхэм ящыщ «Дэ 12» зыфIищам тедгъэпсэлъыхьыну иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ:

- Идар, «Дэ 12» Iуэхур уи адэ IуэрыIуэтэдж цIэрыкIуэ ЦIыпIынэ Аслъэн и фэеплъу къызэрызэбгъэпэщар къыхэбгъэщащ. Сыт абыкIэ уи мурад нэхъыщхьэр?

- Ди адэр зэлэжьу щытар щIэблэр гъэсэнращ. Адыгэ псалъэжь щыIэщ «ЩIэблэр зэрыбгъасэщ» жиIэу. Сэри абы тещIыхьауэ зи гугъу пщIы лъэпкъ Iуэхур сыублауэ аращ. Ар Iыхьищу зэхэтщ. Япэм адыгэ хабзэр, нарт хъыбархэмрэ псысэхэмрэ къызэщIаубыдэ. ЕтIуанэр зытеухуар пасэрей хьэпшыпхэращ. Абдеж щапхъэу къызохь ди адэм зэхуихьэсыжа Iэмэпсымэхэр. КъапщтэмэI, сэри мы зэманым сыхущIокъу ахэр нэхъыбэ зэрысщIынум. Сыздэк Iуэ къуажэхэм дэс сабийхэм ди адэжьхэм зэрахьа хьэпшыпхэр щезгъэлъагъукIэ, абыхэм я къежьапIэм, къызэрагъэсэбэпу щытам я гугъу яхузощI. Ещанэ Iыхьэр, сызэреплъымкIэ, нэхъ яфIэгъэщIэгъуэн мэхъу. Ар пасэрей адыгэ джэгукIэхэращ: Нарт Сосрыкъуэ зэрыджэгуу щыта «кIэн джэгум» деж щегъэжьауэ, ди адэшхуэ-анэшхуэхэм я сабиигъуэм зэрызэхьэзэхуэ Iуэхугъуэу щытахэм щыщIэкIыжу.

- Iуэхум и фIэщыгъэцIэм лъэпкъ мыхьэнэ иIэу къысщохъу.

- ЗэрытщIэщи, адыгэбзэм «дэ» псалъэм мыхьэнэ зыбжанэ щиIэщ: «дэ езыр» жытIэми, «дэ жыг» хъуми. ФIэщыгъэм гупсысэ нэхъыщхьэу бгъэдэслъхьар мыращ: адыгэ ныпым, дызэрыщыгъуазэу, вагъуэ 12 тещIыхьащ, абы щыщ дэтхэнэми лIакъуэ щхьэхуэ къигъэлъагъуэу. Мис ахэр псори дызэкъуэтщ, «дызщ» жыхуэсIэ щIыкIэщ.

- Сыт хуэдэ къуажэхэм мы IуэхумкIэ уалъэIэса?

- Нэхъыбэу сыздэщыIар Джылахъстэней, иджырей жыIэкIэу Тэрч, щIыналъэращ. Абы гулъытэ щхьэхуэ щIыхуэсщIар къалащхьэм нэхъ пэжыжьэу зэрыщытрагъэнщ, къуажэ пхыдза куэд зэрыщыIэрщ. Дауи, абыхэми дэтщ, псалъэм папщIэ, курыт школи щэнхабзэмкIэ уни. Ауэ абдеж псори къыщоувыIэ: щIэблэр здэкIуэн, и зэман лейр щхьэпэу щигъэкIуэн, адыгэ щэнхабзэм ехьэлIауэ и щIэныгъэр нэхъ куу щищIын щIыпIэ щыIэкъым. Къалэдэсхэм абы и лъэныкъуэкIэ Iэмал нэхъыбэ яIэщ, сурэт щIын жыпIэми, IэпэIэсагъэм зыхуагъэсэнрами, нэгъуэщIми. Къуажэм икIыу къалэхэм щыIэ гупжьейхэм куэдыр кIуэфыркъым. Тэрч районым хыхьэу сыздэщыIа къуажэхэм ящыщщ Инарыкъуей, Урожайнэ, Новэ-Хьэмидей, Курп Ищхъэрэ, Курп Ипщэ. Апхуэдэуи Дзэлыкъуэдэс, Аушыджэр, Псыгуэнсу, Къулъкъужын Ищхъэрэ, Щхьэлыкъуэ, Ерокъуэ, Псынабэ, Къамлыкъуэ жылэхэми мы Iуэхур щызгъэлъэгъуащ. Накъыгъэ мазэм Арыкъ къуажэ сыкIуэну къыспэщылъщ.

КъищынэмыщIауэ, «Дэ 12»-р Налшык щыIэ «Шагъдий» IуэхущIапIэми щокIуэкI. ДяпэкIэ си мурадщ тхьэмахуэм зэ езгъэкIуэкIынуи, нэхъыжьи нэхъыщIи, уеблэмэ зэрыунагъуэуи накIуэмэ си гуапэщ.

- Къуажэ пхыдзахэм щIэблэм зэрызыщаужьын Iэмалхэр нэхъ щымащIэщ жыпIащ. Ар, дауи, пэжщ, ауэ лъэпкъ хабзэхэр абыхэм нэхъ щыхъума мыхъуу пIэрэ жызоIэ.

- БдызоIыгъ а гупсысэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ псоми сыщыIагъэнщи, гу зылъыстар къуажэр, жылэр нэхъ пхыдзауэ щытыху, бзэ и лъэныкъуэкIи хабзэкIи нэхъ къызэрызэтенэрщ. Абы къикIыркъым зи ужь сихьа мы Iуэхугъуэхэр къалащхьэм щезмыгъэкIуэкIыну. Ауэ, зэрыжысIауэ, гулъытэ япэу зыхуэсщIыну сызыхуеяр къуажэдэс цIыхухэращ. Зэбгъапщэмэ, къуажэ курыт школым щIэсымрэ къалэм щыIэмрэ я бжыгъэкIэ хуабжьу зэщхьэщокI: къуажэм дэтым, псалъэм папщIэ, псори зэхэту еджакIуищэ екIуалIэмэ, къалэм и зы класс гуэшам апхуэдиз къызэщIиубыдэфынущ. Ауэ мащIэрэ IэфIу жыхуаIэм хуэдэу, абы щхьэкIэ къэзмыгъанэу къуажэхэм тесщIыхьащ Iуэхур. Пэжу жысIэнщи, уримыгушхуэу къанэркъым сыздэщыIахэм сабии балигъи яфIэфIу къызэрекIуэлIар.

- Хабзэ и лъэныкъуэкIэ сыт нэхъ яфIэгъэщIэгъуэну гу лъыптэрэ?

- Теплъэгъуэр сыхьэтрэ ныкъуэкIэ йокIуэкI. Ауэ къэувыIэ симыIэу сэ езым хъыбархэр яжесIэжу аракъым зэрыщытыр. Пасэрейми жиIауэ, акъыл зэхэдзэ хуэдэщ ар. Адыгэ хабзэм куэд зэрегъэзахуэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, гъуэгум ущрикIуэкIэ е ди зэманым сурэт зэгъусэу щызэтрагъэхкIэ нэхъыжь-нэхъыщIэр зэрызэбгъэдэтын хуей щIыкIэр. Мы Iуэхум теухуауэ цIыкIухэм езыхэм я Iуэху еплъыкIэр къысхуаIуатэ яфIэгъэщIэгъуэну. Куэдми захуэу къагъэлъагъуэ. Срогушхуэ упщIэ яхуэзгъэувым пэжу къыщыпэджэжкIэ.

Пасэрей хьэпшыпхэм сащыхутепсэлъыхькIэ, утыку къызогъэувэ гуэгуэнитI. Ахэр зэщхькъым. НыбжьыщIэхэм соупщI: «Дауэ феплърэ, пщащэ дэмыкIуам сыт хуэдэ гуэгуэнра иIыгъыу псыхьэ зэрыкIуэу щытар?» - жызоIэри. IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжщи, пасэм шууейр псы хуэлIауэ псынэм щыIухьэм, пщащэ дэту къыIэщIэлъэгъуамэ, абы бгъэдыхьэ хъунумэ, иIыгъ гуэгуэнымкIэ зэхигъэкIырт. ГъэщIэгъуэнраци, абыи и жэуапыр пэжу къызатыф куэдым.

ДжэгукIэхэм я гугъу щысщIкIэ, псом япэу «кIэныр» язогъэлъагъу. Дызэрыщыгъуазэщи, ар мэлым и къупщхьэу аращ. Языныкъуэ сабийхэм гушыIэу динозаврым и къупщхьэщ жаIэ, ауэ нэхъыбэми ар къащIэ зищIысыр. ШыкIэм къыхэухуэныкIа кIапсэм щезгъэплъкIэ, абы емыIусэфхэри къахокI, мыдрейхэм дэ шы диIэщи, дощIэ ар зищIысыр, къызжаIэ. ИкIэм-икIэжым дызыхуэкIуэжращи, зэрыжысIауэ, щIэблэр зэрыбгъасэщ. Сэ сызэреплъымкIэ, дэ, нэхъыжьхэм, ди пщэрылъщ ди щIэныгъэр, хабзэ дахэр къыдэкIуэтейм бгъэдэтлъхьэныр. ЩIэблэр мыхъумыщIэщ жыпIэн ипэ, уэ езым абы бгъэдэплъхьам уегупсысыжын хуейщ.

- Бзэр, хабзэр егъэщIэн, фэм къыхэщIыкIа хьэпшып щIын жыпIэми, бжьэгъэхъунрами, фи унагъуэр сыт щыгъуи лъэпкъ IэщIагъэхэм епхауэ къогъуэгурыкIуэ. Илъэс 97-м нэскIэ бжьэ гъэхъуным хэта уи анэшхуэ Цацэ уигу къэбгъэкIыжмэ, узыхуигъэсауэ, узыщIигъэдэIуауэ сыт къыджепIэжыфын, Идар?

- Адыгэр пасэрейм мэкъумэшыщIэуи, бжьахъуэуи, шыхъуэуи, Iэхъуэуи щытащ, фэм, пхъэм, гъущIым елэжьуи къэгъуэгурыкIуащ. Сэ сызэреплъраци, ахэр зыри дгъэкIуэд хъунукъым. Нобэрей махуэм тещIыхьауэ дэтхэнэ IэщIагъэми зедгъэужьын хуейщ. ИкъукIэ пщIэшхуэ хузощI апхуэдэ пасэрей IэщIагъэ зыбгъэдэлъхэм.

ЩIэблэм дэлэжьэн зэрыщIэздзэрэ зэманыфI хъуауэ жыпIэ хъунущ. Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №4-м адыгэбзэмкIэ щезгъаджэу щытащ, иужькIэ си адэ-анэр щылэжьа Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым адыгэ IуэрыIуатэм теухуауэ си диссертацэ лэжьыгъэр Гъут Iэдэм и нэIэм сыщIэту щыпхызгъэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетми Лэскэн районым ГъуазджэхэмкIэ сабий школми илъэс зыбжанэкIэ сыщыIащ. Адыгэ хабзэм теухуа дерсхэр зэхэзгъэувэри, къуажэхэм сыкIуэурэ щIэблэм садэлэжьащ. Ноби а Iуэхум пызощэ, онлайнуи адыгэбзэмрэ хабзэмрэ хузогъасэ. Си гъащIэм сызыхущIэкъур щIэблэм дэлэжьэнращ. Си адэм: «Зыгуэри деджащ, зыгуэри зэхэтхащ», - жиIэу щытащ. Сэри «зыгуэр седжащ, зыгуэри зэхэсхащи», абы къыхэсха щIэныгъэр щIалэгъуалэм яхэсхьэну сыхущIокъу. КъыдэхъулIэрэ къыдэмыхъулIэрэ цIыхум яIуэтэжынщ.

Си анэшхуэр и щIалэгъуэм щегъэжьауэ егъэджакIуэу щытащ. Абы къищынэмыщIауэ, фызэрыщыгъуазэщи, бжьахъуэу тесащ. Си гъащIэм чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу сиIар нанэу къыщIэкIынщ. Мыри си нэгу къыщIохьэж: дыщыцIыкIум, гъэмахуэр къэсамэ, къыздеджэхэм загъэпсэхурт, сэ бжьаIуэм сыдашырт. Зы лъэныкъуэкIи къызгурыIуэртэкъым: «Псоми загъэпсэху, сэ щхьэ сылэжьэн хуей?» - жысIэу. Ауэ си адэр дунейм щехыжам щыгъуэ къызгурыIуащ абы мыхьэнэшхуэ зэриIар. Адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ дэтхэнэри лэжьыгъэм щIапIыкIыу щытащ. Си адэр щаукIам си ныбжьыр илъэс 23-м нэсат. Уегупсысмэ, куэдтэкъым ар, ауэ сыздэкIуэнрэ сщIэнрэ сымыщIэу сыкъэнатэкъым. ЖысIэнураци, си сабиигъуэм къызагъэщIам и фIыгъэкIэ, сызэрыпсэуну щIыкIэм сыщыгъуазэт. Зыгуэр пщIэрэ, щIакхъуэ уасэ къэблэжьынущ, умыщIэрэ - уи ныбэр ныкъуэу къэнэнущ.

Школым сыщыщIэсым щыгъуэ, нанэ ныбжь хъарзынэ иIэт. АрщхьэкIэ, дигъэгушхуэн папщIэ, хьэфэ топ къыддэджэгуфырт ар. Абы сыкIэлъыплъурэ, сэ къызгурыIуащ хьэщIагъэр зищIысыр. Адыгэ хабзэмкIэ нэхъ псапэшхуэ щыIэу къыщIэкIынкъым цIыху мэжалIэр бгъэшхэным нэхърэ. Сыщымыуэмэ, нанэ бжьаIуэм тесащ илъэс 17 щрикъуам щегъэжьауэ и ныбжьыр 97-м нэсыху. Зы цIыху блигъэкIагъэнкъым абы иримыгъэблагъэу, имыгъэхьэщIэу. И гукъыдэжри и узыншагъэри нэхъыфI зыщIар, и псэр зыхэлъу щытар бжьэгъэхъунрауэ къызолъытэ. Си адэр дунейм щехыжам, абы тхьэ иIуат, «сылIэжыху сыбжьэхъуэнущ», жиIэри. И тхьэрыIуэр игъэзэщIащ.

Си адэшхуэмрэ си анэшхуэмрэ ятеухуауэ куэд си гум къинащ. Ауэ нэхъыщхьэу абыхэм сызыщIапIыкIар гуапагъэрэ цIыхугъэрэ пхэлъын зэрыхуейрщ. Нанэ зэи лъэпкъ зэхэгъэж иIакъым, нэхъыфI, нэхъ IейкIэ зэхидзакъым. Япэ иригъэщу щытар цIыхугъэращи, зыщыщ лъэпкъым, зэрихьэ диным емылъытауэ, си дежкIи аращ нэхъыщхьэнур.

- Упсэу, Идар! Уи Iуэхухэр къохъулIэну ди гуапэщ!

Епсэлъар **БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

«Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр

Хабзэ хъуауэ, «Адыгэ псалъэ» газетым журналист IэщIагъэм и щэхухэм зыщыхагъэгъуазэ КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и студентхэм. Илъэс къэси хуэдэу, иужьрей курсыр къэзыух ныбжьыщIэхэм я практикэм хухаха пIалъэр мы гъэми редакцэм щагъакIуэ. Нобэ ди газетым тыдодзэ практикантхэм я тхыгъэхэм щыщхэр.

Гъуазджэм и бжэр къыпхуэзэIуех

Ди республикэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ щыIэ паркым ит гъэлъэгъуапIэм щIэх-щIэхыурэ зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр щрагъэкIуэкI. Абдеж щыгъуазэ зыщыхуэпщIыфынущ иджырей гъуазджэм, а унэтIыныгъэм игъуэт зыужьыныгъэхэм.

ГЪЭЛЪЭГЪУАПIЭР 2022 гъэм и фокIадэ мазэм къызэIуахауэ щытащ. Япэу абы щагъэлъэгъуащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм щахъумэ хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр - утыку къэрахьахэм щIыналъэм, абы щыпсэухэм я тхыдэм ухигъэплъэжырт. Абы къыкIэлъыкIуащ нэгъуэщI гъэлъэгъуэныгъэ куэди. Абыхэм дэтхэнэми гъуазджэм и бжэ гуэр къыпхуэзэIуахырт, теплъэгъуэ телъыджэхэр уи нэгу щIагъэкIырт.

Иджыблагъэ абы и утыку къэрахьащ «Как будто» фIэщыгъэр зиIэ арт-проектыр. А Iуэхум хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщI ныбжьыщIэ 15. ГъэлъэгъуапIэм екIуэлIахэм Iэмал яIащ сурэтыщI гъуазджэм ехьэлIа гъэщIэгъуэн куэдым щыгъуазэ хъуну. Зи дуней еплъыкIэкIэ, зи гупсысэкIэ зэтемыхуэ сурэтыщI 15-м я лэжьыгъэхэм щхьэж и дуней лъагъукIэ щхьэхуэ къыщыгъэлъэгъуат. Шэч хэлъкъым дэтхэнэ зы сурэтми и къэхъукIам хъыбар щхьэхуэ зэриIэм, ауэ абы еплъри зы лъагъуэ гуэр трешэри, а IэдакъэщIэкIхэм езым и гукъэкIыжхэм я ныбжь къыщилъыхъуэу щIедзэ.

Гъуазджэм и дунейр плъыфабэщ икIи щIэщыгъуэщ. Ди щIыналъэм щыпсэухэр абы хэша хъунымкIэ мы гъэлъэгъуапIэр иджыри зы IэмалыфIщ. Мыбы щыбгъакIуэ зэманыр зыуэзэщIыныгъэм ухуэзышэ лъэбакъуэщ: гъэлъэгъуапIэм щекIуэкI дэтхэнэ Iуэхуми гухэхъуэ къует, цIыхущIэхэр уи гъащIэм къыхешэ, творчествэр зэрызэхэтым нэхъ кууэ ущегъэгъуазэ, жыпIэнурамэ, гъуазджэм и бжэр нэхъ ину къыпхуэзэIуех.

Сэ дэтхэнэ зыри къыхузоджэ республикэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ щыIэ паркым ит гъэлъэгъуапIэм щекIуэкI зэхыхьэхэм зыкърагъэхьэлIэну. Сэ сызэрепымкIэ, абы фи гъащIэр куэдкIэ нэхъ гъэщIэгъуэн къыфщищIынущ.

АФЭЩIАГЪУЭ Даянэ.

ЩIэблэр зэрыдихьэхым срогуфIэ

Шырыт Заирэ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмк Iэ и къэрал институтым кином, драмэм, эстрадэм я артист IэщIагъэм щыхуеджащ, 2013 гъэм диплом плъыжькIэ къиуха нэужь, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Думэн Мурадин къызэIуиха «Адыгэ гушыIэ театрым» лэжьэн щыщIидзащ. Пщащэр илъэс пщыкIущ хъуауэ IэнатIэм пэрытщ. Ар щыджэгуащ «Дахэбаринэ и фызышэ», «Аладдин» спектаклхэм, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэуи Заирэ концертхэр ирегъэкIуэкI. 2015 гъэм Заирэ Хьэмыкъуэ Олег и «Антигона» фильм кIэщIым роль нэхъыщхьэр щигъэзэщIащ. Пщащэ зэчиифIэм упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащи, ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ, къыджиIар.



- Уи IэщIагъэр дауэ къыхэпхат, Заирэ?

- Пэжу жысIэнщи, ар IэщIагъэ схуэхъуну сегупсысатэкъым, ауэ сыщысабийм сыкъэфэни зыкъэзгъэлъэгъуэни сфIэфIт. Ди хьэблэм дэсхэр зэхуэтшэсырти, концерт цIыкIухэр дгъэлъагъуэрт уеблэмэ пщIэ хуэдгъэувырти, зы сом бжыгъэ гуэри зэхуэтхьэсырт, абыкIэ дызэхэсыжт. Школми роль гуэрхэр къыщызатырт, зэрызгъэзащIэр ягу ирихьырти. Классхэр дызэпеуэрт, дыкъафэрт, дыгушыIэрт, теплъэгъуэ кIэщI цIыкIухэр къэдгъэлъагъуэрт. Апхуэдэ зы махуэ гуэрым къэпщытакIуэхэм яхэсыну кърагъэблэгъат Къэбэрдей адыгэ драмэ театрым и лэжьакIуэ Къэжэр Борис. Зэпеуэр иуха нэужь, къызбгъэдыхьэщ, си адэ-анэри зришалIэри, жиIащ: «Уэ артист къыпхэкIынущ, ди еджапIэм ныщIэтIысхьэ». 11-нэ классым сыщIэсу арати, IэщIагъэ къыхэхыгъуэри, къэсат. Арагъэнт Къэжэрым и псалъэхэр си гум щIитIысхьар. Мис апхуэдэу сыщIэтIысхьа хъуащ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым.

- БгъэзэщIа ролхэм ящыщу сыт хуэдэра нэхъ уигу къыдыхьар?

- Си гум нэхъ къыдыхьэу сызыхэтар Думэн Мурадин итха «Дахэбаринэ и фызышэ» спектаклращ. Абы Сэнят и ролыр щызгъэзэщIауэ щытащ. Мы спектаклым щыджэгуахэщ театрым и лэжьакIуэхэу, артист цIэрыIуэхэу Мысост Вадим, Щэрмэт Людэ, Балъкъэр Юрэ, Бейтыгъуэн Жамболэт сымэ. Спектаклыр образ гъэщIэгъуэнхэмкIэ, гушыIэ дахэкIэ гъэнщIауэ щытщ. Ар Мурадин къызэрехъулIам и щыхьэту къыщIэкIынщ дапщэрэ дыджэгуми цIыхур пэшым щIэзу къызэрекIуалIэр.

- Нобэ театрым и щытыкIэм дауэ уеплърэ?

- НобэкIэ ди республикэм ит театрхэр фIы дыдэу зыхуей хуагъэзащ, адыгэ, урыс, балъкъэр театрхэр нэхущ, хуитщ, къабзэщ, зыхуеину хьэпшыпхэмкIи къулейщ. Театрым къакIуэхэр нэхъыбэ хъужауэ къызолъытэ сэ. ЩIалэгъуалэри нэхъ сабийхэри драгъэхьэх. АбыкIэ сэбэп мэхъу «Пушкинская карта» жыхуиIэр.

Бахъсэн къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм зы илъэскIэ сыщылэжьати, цIыкIухэр театрым, гъуазджэм, щэнхабзэм дебгъэхьэхмэ, ар я гъащIэм щыщу къызэрыдэкIуэтеинур, я Iэпэгъуу зэрыщытынур си фIэщ хъуащ. КъищынэмыщIауэ, ар IэщIагъэ зыхуэхъунхэри яхэслъэгъуащ, зэчий зыбгъэдэлъхэр яхэтщи, зегъэужьын хуейщ. Иджыпсту псоми телефон яIыгъщ, сетхэр къызэIупхамэ, видео кIэщIхэр зэтрахыжауэ, уэрэд жаIэу, къафэу куэдым урохьэлIэ. Сабийхэр абы нэхъыбэм хуегъэуш, трегъэгушхуэри, уадэлажьэмэ, ехъулIэну къысщохъу. Репетицэхэр къахуэмыгъэсу яфIэфIу къакIуэрт сабийхэр. Тхыгъэ гуэр къасщтэрт, сабийхэм я гъусэу дыкъеджэрт, ар зэпкърытхырти, ролхэр ятезгуашэрт. Теплъэгъуэхэр щыдгъэхьэзыркIэ, сабийхэм езыхэми зыгуэрхэр къыхалъхьэу, я ролыр нэхъ дахэ зэрыхъуным хущIэкъуу апхуэдэхэт. ЦIыкIухэм яхэтщ утыку ихьэну укIытэ, псалъэм папщIэ, урокым я Iэр къаIэту зыхуейр жызымыIэфи. Апхуэдэ сабийхэм я дежкIи сэбэпышхуэщ театр гупжьейхэр.

- Сыт хуэдэ роль бгъэзэщIэну уи нэ къыхуикIрэ, Заирэ?

- ЗгъэзэщIэну сыхуейуэ нэхъ сызыщIэхъуэпсыр Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романым къыхэщыж бзылъхугъэм и образырт. Хэкум щрашым, кхъухьым ису и сабийр зэрылIар къаримыгъащIэу и бгъафэм щIикъузэрт, хьэдэр псым хримыгъэдзэн папщIэ. Ар хуабжьу гуууэщ, спектаклу щытми е фильм трахми сыхэтынт.

- Щхьэ къыхэпха а образыр?

- КъыщIыхэсхар ди адыгэхэм лейуэ къатехьам и куэдагъыр а ролымкIэ къэзгъэлъэгъуэну сызэрыхуейрагъэнщ. Тхыгъэр и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэсыху гукъутэщ, ауэ нэхъ си гум щIыхьар мы пычыгъуэращ.

- Артист IэщIагъэр къызэрыхэпхам ущыхущIегъуэжа къэхъуа?

- Хьэуэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сигуми си псэми фIэфIщ а IэщIагъэр. Гугъу сыдехьыркъым сызыпэрытым, лэжьыгъэнши сыхъуакъым. Iуэхур уигу щыдыхьэм деж гугъуехьыр зищIысыр пщIэркъым, жэщи-махуи улэжьэфынущ.

- КъэкIуэнум теухуа мурадхэм щыщу сыт къыджепIэн?

- Си хъуэпсапIэщ сабийхэм папщIэ театр студие къызэIусхынуи, абы иужь ситынущ. Мы Iуэхум сытезыгъэгушхуэр къыдэкIуэтей щIэблэр театрхэм зэрыдихьэхырщ. Абы хуабжьу срогуфIэ.

Епсэлъар **ЛIЫГУАЩIЭ Зарянэщ**.

Кхъухьлъатэ

Iуэтэж

Мэкъуауэгъуэм и 22, 1994 гъэ.

Нобэ хуэдэу си нэгум щIэтщ псори. Си унэр псышхуэ ежэхым пэгъунэгъубзэт. Псышхуэм къуажэр тIууэ зэпиупщIу къыпщигъэхъурт. Зы IуфэмкIэ - кхъэр щыIэт, адремйкIэ - ди къуажэр. Псыр апхуэдизкIэ бгъуэт, инти, уеблэмэ кхъэр нэгъуэщI щIыпIэ щыIэу къыпфIэщIырт. Дыщысабийм сыт хуэдизрэ абы дызэпрысыкIыну иужь дихьат, ауэ адэ-анэм дыкъаубыдыжырти, хуабжьу къыдэшхыдэрт. Псым и адрыщI лъэныкъуэмкIэ зыгуэр щыгъэпщкIуауэ къытщыхъурти, абы ди лъэр зэрынэтхусыным дыхэтт.

... Илъэс пщыкIуийм уитт, сэ - тIощIым, дызэрышэным мазищ иIэжт, гъащIэ дахэ духуэну дыщIэхъуэпсырт. Зы махуэ гуэрым псым кхъуафэжьеймкIэ дызэпрысыкIыну дызэгурыIуат. Ауэ щIалагъэ-делагъэкIэ зы мыхьэнэншэ гуэр щхьэкIэ дызэфIэнэри, къутэжат мурадыр. ПщIыхьэпIэм сыхэт хуэдэщ иджыри къэс, си фIэщ хъуркъым къэхъуар. Жэщт. Зэрызехьэ гуэр къыдэхъуат къуажэм. ЗанщIэу сыкъыдэжри, цIыху гупыр щызэхэтым деж секIуэлIат. Уэрат... Уэрат цIыхухэр зэхэзышар. Сызытет щIыр зыхэсщIэжыртэкъым, си лъэгум щIэкIэрэхъукIам хуэдэт, си псэр си Iэпкълъэпкъым къикIауэ къысфIэщIырт. Кхъуафэжьейр зыгуэрым ириудэкIагъэнт, къэчат, уи бостейм щыщ Iыхьэ къыдэнат абдеж, къаруэ уиIэр зыхэплъхьэу, укъыIэщIэкIыну мурад узэриIар наIуэу. ИгъащIэм фIыуэ слъэгъуа уи нэкIу закъуэр фагъуэт, уи щхьэцыр псыфт, уи нэхэр зэтепIат, Iэлъын уэстари пIэрыгът.

Илъэс щэщI дэкIыжащ абы лъандэрэ.

Нобэ аргуэру лэжьапIэ сокIуэ. Куэд щIащ си гъащIэм IэфIагъыу иIар зэрыщIэкIрэ. Уэ узэрызимыIэжрэ... Зы махуэ дэкIыркъым адэ-анэми, благъэ-Iыхьлыми, жылэм дэсхэми зыгуэр къасшэу, унагъуэу сытIысыжын зэрыхуейр къызамыIуэкIыу. Къэсшэнукъым. Зэи. Уэ зыращ си псэр зейр. Си IэпкълъэпкъыЕр бауэми, си лъакъуэхэр зекIуэми, си нэхэр плъэми, си гур фIамыщIщ, кIуэцIкIэ куэд щIауэ сыпсэужкъым. Махуэ дэкIыркъым уэ сыномыгупсысу, къуаншагъэм сехьри, фадэкIэ си щхьэр фIызоудыж. Махуэ дэкIыркъым уи нэ фIыцIитIыр, лъэдакъэм нэсу щыта уи щхьэц Iувыр си нэгу къыщIэмыхьэжу...

Уэзырмэс, зэрищI хабзэм хуэдэу, тхылъымпIэр кхъухьлъатэм ещхьу зэкIуэцIилъхьэри, лэжьапIэм кIуэну щIэкIащ. Махуэр уэфIт, дыгъэшхуэм уэгур игъэхуабэрт. Зэи мыхуабэр Уэзырмэс и гурт, IэпкълъэпкъыЕм щIэт лъыр зекIуэми, ар мылым хуэдэт. Махуэ къэс зрикIуэ лъэс лъагъуэм тету псышхуэм пэгъунэгъу щыхъум, кхъухьлъатэр хиутIыпщхьэри, блэкIащ.

Жылэм дэсхэм ящIэрт, пщэдджыжь къэси ялъагъурт Уэзырмэс кхъухьлъатэ цIыкIур псым зэрыхиутIыпщхьэр. Илъэс щэщIым нэсауэ, зы махуэ зэпымыууэ фIыуэ илъагъум хуитх письмот ар. Псым и сэмэгурабгъумкIэ къыщыт кхъэм нэсу и гугъэ къыщIэкIынт. ЦIыхухэм абы и щхьэр зэтекIауэ къафIэщIырт, иужьрей зэманми и гугъу ящIыжыртэкъым, зыгуэр кърагъэшэн Iуэху кIэ.

Жылэм гъавэр кърахьэлIэжри, я гуэн ирагъэзэгъэжащ. ЗэманкIэ чэзур зейр щIымахуэрати, дунейм и жьантIэр иубыдащ. Пщэдджыжьым Уэзырмэс пщIантIэм деж щикъута пхъэм щыщ IэплIакIуэ иIыгъыу унэм щIыхьэжащ.

- КхъыIэ, Уэзырмэс, нобэризэм умыкIуэ, си гур зыгуэр щхьэкIэ мэгузавэ, щIымахуэр къихьэху си псэр дзапэкIэ сIыгъщ. А мылым узэрытехьэр къызохьэлъэкI. Кхъэ ихьэпIэм щызэтрихьащ уи кхъухьлъатэхэр, здахьынур ящIэркъым, – къэпсэлъащ анэр, и къуэм и жыпым къиху а тхылъымпIэ кхъухьлъатэр щилъагъум. Ар щыжиIэм, анэм и нэпс къежэхар илъэщIыжыну хунэмысу етклIухащ.

- Умыгузавэ, си анэ, сытым дежи къызжыбоIэ ар, ауэ ущIэгузэвэн щыIэкъым, аращ щIымахуэ къэс зэрисхри. Сэ занщIэу къэзгъэзэжынущ, – Уэзырмэс Iэдэбу жэуап итыжри, анэм IэплIэ хуищIащ, и жыпым къиху а кхъухьлъатэр къиIэтыжри, пхъэхэр хьэкум къыщызэщIэплъати, унэм къыщIэкIащ.

Мылыр Iувышхуэу зытрищIа псым щынэсым, Уэзырмэс, зэрихабзэу, темыхьэ щIыкIэ, лъакъуэкIэ теувэри, и быдагъыр игъэунэхуащ. Ноби Iуву телът мылыр. ЩIыпIэщIыпIэкIэрэ къэча здиIэхэри мащIэтэкъым, ауэ Уэзырмэс, сакъыу, абыхэм темыувэу, блэкIырт. ЗдэкIуэм, зэрылъэпэрэпари къыгурымыIуэу, макъышхуэ ищIу къытридзащ. Уэзырмэс занщIэу зыкъищIэжащ. И насыпу мылыр къэчатэкъым. КъэтэджыжыЕну здыхуежьэм, зыгуэрым и нэр тенащ. Мылым къыкIуэцIрыплъу нэ фIыцIитIыр къеплъ къыщыхъуат. Асыхьэтуи джэ макъ зэхихащ:

- Уэзырмэээс, дэнэ ущыIэ, аргуэру сыкъэбгъэщтэну зыбгъэпщкIуауэ ара? – Дахэуэс, зэрифIэщкIэ и макъым зригъэIэтауэ, псалъэрт, Уэзырмэс псы кърииутхыу, зыщIигъэмбрыуауэ, псым къыщыхэцIэфтыжам.

- Мэ-тIэ иджыри, уэри Iэджэрэ къызэпщIащ апхуэдэу, - щIалэм дыхьэшхыурэ хъыджэбзым псыр триутхэрт, и бостей кIыхьышхуэр псыф ищIу.

Дахэуэс и нэкIущхьэхэр плъыжьыбзэ къэхъуат, и Iэпкълъэпкъ зэкIужым бостей псыфыр кIэрыпщIати, и пкъым и дахагъэр нэхъри нэрылъагъу зэрищIым ириукIытэжауэ. И щхьэцышхуэр лъэныкъуитIымкIэ къедзэкIат, и гупэр щIихъумэу, ауэ бгы псыгъуэр, сурэтыщIым къитхъыхьа фIэкIа умыщIэу, къыхэщырт. Уэзырмэс и дыхьэшхыр зэуэ зэпыуащ, и нэр къиIэту, сытым дежи и псэр зыщIитыфыну, фIыуэ илъагъу пщащэм щыIуплъам. И дахагъэм и нэр тедият.

Аргуэру джэ макъ, гукъэкIыжыр зэпиуду:

- Уэзырмэээс, пщIэр сыт? Къэтэдж псынщIэу, - къаджэр я гъунэгъу щIалэ Уэсмэнт.

Аргуэру макъ. Уэзырмэс и хъуреягъкIэ мылыр зэрыщыту къэчат. Аргуэру мыл къачэ макъ. ЩIыIэщ. ЩIотIысыкI, зыри хуэмыщIэу, фIыуэ илъагъум и Iэ хужьитIыр къригъэлыну къиишийуэ, и нитIым гуIэр къищу къыфIощI, псым ехыху.

Уэсмэн къэсу, Уэзырмэс псым къыщыхихыжам, кIасэ хъуат, и псэр хэкIат. И Iэм быдэу икъузауэ IэщIэлъ кхъухьлъатэр къызэкIуэцIаха нэужь, шакъэм зэхицIэла хьэрфхэм укъеджэну гугъутэми, итыр мырат: «Си Дахэуэс, куэд щIауэ укъысхуэмыкIуауэ, нобэ пщIыхьэпIэу услъэгъуат».

ЩЭМЕЙ Елизаветэ.

Къафэбзэ дахэкIэ дызэгъэпсалъэ

Льэпкъхэр зэрызэмыщхьым хуэдэуи, я къафэхэри, я къэфэкIэхэри зэхуэдэкъым. Къафэхэм къагъэлъэгъуэф лъэпкъым и дуней тетыкIэр, еплъыкIэр.

ЛЪЭПКЪ къафэхэр мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Ахэр лъэпкъым, лъэхъэнэ дапщэ зэпичами, и къекIуэкIыкIар къэзыгъэлъагъуэщ. Адыгэ къафэхэм я ныбжькIэ илъэс мин бжыгъэ зэпачащ, нобэр къыздэсым дызэрыгушхуэ нарт хъыбарыжьхэм, пшыналъэхэм, уэрэдыжьхэм къадэгъуэгурыкIуэурэ ди деж къэсащ. ЦIыхуитI я къэфэкIэ зэтехуэу щыIэкъым. ЩIалэр къэфэну утыку къыщихьэкIэ и къаури, и псэри абы хилъхьэн хуейщ, зэрыадыгэр щымыгъупщэу, Iэдэбагъ хэлъу, къызэдэфэ пщащэми джэгум хэт псоми я пщIэр имыгъэпуду.

Абы къигъафэ пщащэм пщIэ хуимыщIыныр емыкIуэшхуэщ, и жагъуэ ищIыныр ямыгъэгъу къуаншагъэщи, хуэсакъыпхъэщ. Пщащэр джэгум зипIыт-зихузу щымыту, ауэ и Iэдэбыр дахэу хэтыпхъэщ. Ину псалъэу, дыхьэшхыкIейуэ, щIыкIейуэ щытыныр пудыгъэщ, гуемыIущ. Джэгум деж пщащэмрэ щIалэмрэ куэдыIуэрэ къызэдэфэнри екIуркъым. Апхуэдэр нэмыплъ мыхъужыным хуэсакъыпхъэщ. КъыщыфэкIэ пщащэр сыт щыгъуи хуитщ нэхъапэу утыкум икIыжыну. Бзылъхугъэр нэхъ гуащIэмащIэщи, абы щхьэкIэ зыми емыкIу хуищI хъунукъым.

Адыгэр къыщыфэкIэ и пкъыр гъэжауэ иIыгъыу, и лъакъуэхэр псынщIэу лажьэу, щIалэм и Iэхэр бгъэ дамэу зэрихьэу, пщащэм и Iэхэр щабэу къыдэхъуу щытыпхъэщ. Пасэм щыгъуэ, къыщыфэкIэ япкъхэр мысысын папщIэ, псы зэрыт шынакъ я щхьэм трагъэувэурэ ар ирамыкIуту къэфэфу ягъасэрт. Уи пкъыр бгъэхьей, хэптIэ-хэпсэу укъафэ щыхъур ислъэмейм дежщ. Ауэ къафэ зэхуэкIуэм ар къезэгъыркъым, щIалэр лъапэкIэ уву къафэми, къызэдэфитIыр тIэкIу зэхуэнэщхъыфIэми мэхъу, ауэ я дзэлыфэ ятIыркъым, нэрэ-нэгурэкIэ зэщогуфIыкI, щIалэр, бгъэуэ, мэхуарзэ, пщащэр, псым тес къыууэ, блосыкI.

КIахэмкIэ ноби джэгур езыгъэкIуэкIыр хьэтиякIуэращ, апхуэдэ ямыIэу зэи джэгу зэхашэркъым. КIахэ адыгэхэм я къафэри нэхъ псынщIэщ, ислъэмейм къызэрыкIэрыху щымыIэу, абы зэреджэр «зыгъэлъатэщ», «лъапэщIэси» къащI Къэбэрдеймрэ Инжыджымк Iэ щымыIэжу. ХьэтиякIуэм къигъэфэнухэр къыщыдишкIэ Iэмал имыIэу я цIэхэр кърeIуэ, псалъэ гуапи щIыгъуу: «Ашхэ я щIалэу Сосрыкъуэ, Уи лъапэ гъэджэгу. Уи лъэгу дыщIэгъаплъэ!» – жыхуиIэм хуэдэхэурэ.

Хабзэу щыIащ, иджыри къокIуэкI къафэу тет нэхъыжьыр къэщэхужыныр. Джэгум хэт дэтхэнэми ар ищIэну хуитщ. Къафэхэр къыщащэхужкIэ мардэ гъэувауэ щыткъым, щхьэж хузэфIэкIыр бзылъхугъэм и IэлъэщIым е щIалэм и пыIэм далъхьэ хабзэщ. Ахъшэр зыхуагъэфащэм сыт ирищIэнуми хуитщ, ауэ нэхъыбэм ар пшынауэхэм ират. Япэм, джэгур здекIуэкI утыкум и гъунэм матэ цIыкIу тету Iэнэ къагъэувырти, абы ирадзэу щытащ. ИужькIэ ар джэгуакIуэмрэ къамылапщэ-пшынауэ-пхъэцIычауэхэм зэхуагуэшыжырт.

Дяпэ итахэм къытхуагъэнащ: «Джэгур къафэкIэ щIедзэри, уджкIэ еух», – жаIэу. Сыт хуэдэ джэгуми и кIэр уджу щытын хуейщ. Ар апхуэдэу щIагъэпсар пасэм щыгъуэ ныбжьыщIэхэм я зэIущIапIэр джэгурат. Джэгум деж, удж закъуэр мыхъумэ, нэгъуэщI къафэхэм щIалэр утыкум къриша пщащэм IэпэкIэ eIусэну хуиттэкъым. Гу лъагъуэ зэхуэзыщIа ныбжьыщIэхэм псалъэ гуэр зэпадзынымкIэ уджыр Iэмал хъарзынэт. Зи Iэблэ зэрыдзауэ къафэ, хуэм-хуэмурэ екIуэкI ныбжьыщIэхэм Iэдэб яхэлъу, гу зылърамыгъэтащэу зэпсалъэми хъурти, арат уджыр фIы дыдэу щIалъагъур. Уеблэмэ ар джэгур екIуэкIыху зыбжанэрэ щащIи къохъу...

Адыгэ къафэхэр лIэужьыгъуэ куэд мэхъу, ауэ нобэкIэ джэгухэм щагъэзащIэу къэнахэр мащIэ дыдэщ: къафэ, ислъэмей, зыгъэлъатэ, лъапэщIэсэ, удж. Еджагъэшхуэхэм, къэхутакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, адыгэ къафэхэм яхэтщ илъэс мин бжыгъэ зи ныбжьхэр. Абыхэм ящыщщ уджри. Уджыр ягъэзащIэу щытащ нартхэми. УджыкIэхэри зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ хъурт.

СЭХЪУ Алинэ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырахэр **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэрэ НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэрэщ**.

• Гъэлъэгъуэныгъэ



КIыхьщ адыгэ пшынэм и гъащIэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ музейм къыщызэIуахащ Щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ Президентым и фондым и грант къэзыхьа, «Адыгская гармошка. Голос и судьбы» зи фIэщыгъэ Iуэху дахэм хыхьэ гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн. Абы и лъабжьэр Шэпар Алан зэхуихьэсауэ ихъумэ пшынэхэращ. КъэпсэлъапIэ ящIам и щIыбагъым къыдэт, дапхъэ зыбжанэу зэтету плIимэу игъэувыкIа телъхьэпIэхэм тетщ цIыху щхьэхуэхэм я гурыгъу-гурыщIэхэм ящыщ куэд зыхъумэ макъамэ Iэмэпсымэхэр... Абыхэм я закъуэ?! Пшынэм и къежьапIэм къыщыщIэдзауэ и тхыдэр, а Iэмэпсымэр зи Iэпэгъуу щыта цIыху цIэрыIуэхэр, абыхэм я гупсысэ щхьэхуэу пшынэм ехьэлIахэр, жыпIэнуракъэ, къызэщIэпкъуэ, къэбугъуей хъуну къызэгъэпэщакIуэхэм зыри къамыгъэнами ярейщ.

ЩIэджыкIакIуэхэм Алан фэдгъэцIыхунщ. Ар Бахъсэн къалэм щыщщ, и IэщIагъэкIэ юристщ, хьэрычэтыщIэщ. Пшынэу зэхуихьэсам я бжыгъэр 80-м щхьэдох. Езым къызэрилъытэмкIэ, ар зэхуэхьэсакIуэкъым, атIэ а Iэмэпсымэ телъыджэхэм, уасэншэхэм я хъумакIуэщ. ЦIыхум и гурыфIыгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ, и гупсысэхэмрэ зыгъэнэщхъейхэмрэ я щыхьэту къыщохъу ахэр. Къигъуэта, къищэхуа, кърата пшынэхэр зыхуей хуегъазэ, дэтхэнэми и макъым и IукIэмрэ и теплъэмрэ зэрихъумэным яужь иту.

- Пшынэм хузиIэ лъагъуныгъэр сабиигъуэм къыщожьэ. Сэ сытым дежи адыгэ пшынэр сигу ирихьырт, абы сызыIэпишэрт, пшынауэхэм я Iэмэпсымэ гъэбзэрэбзэкIэм сыкIэлъыплъырт. Си анэшхуэм и анэри абы и шыпхъуитIри пшынауэ Iэзэт, абыхэм япхъухэми яхэтт ар зи Iэпэгъухэр. Си анэшхуэм апхуэдизкIэ макъамэр, пшынэр фIыуэ илъагъурти, школым сыкIуэну сыщIигъэкIыртэкъым зэ сыкъыдэмыфауэ. Нанэщ пшынэр фIыуэ сэзыгъэлъэгъуар, псори къыщежьари абы и дежу жыпIэкIэ щыуагъэ хъунукъым.

Ди унагъуэм пшынэ щимылъ къэхъуакъым. 2012 гъэм нанэ дунейм ехыжа иужь, бзэрым сыблэкIыу хьэпшып яIыгъахэр щащэж сатырхэм сыдэплъа хъуащ. Абы къыщыслъэгъуащ пшынэ удзыфэ, жьы дыдэу. Къызэджэм ярейт ар. Апхуэдэу къысIэщIыхьащ си гъэтIылъыгъэхэм я япэ пшынэр. Ахэр зыхуей хуэзгъэзэнымкIэ къыздоIэпыкъу цIыху IэпщIэлъапщIэ Гречкин Анатолий.

Пшынэ еуэн зэрызезгъэсам фыкъыщIэупщIэмэ, сызэрысабий лъандэрэ соуэ. ЯпэщIыкIэ гурыгъуазэкIэ, нэхъыжьхэм зэрызагъэлъэгъуам сытету щытащ. Балигъ сыхъури, пшынэм сыхурагъэджащ Абыкъу Светланэрэ Амщокъуэ Сэфарбийрэ, - жеIэ Алан.

Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, адыгэгу зыкIуэцIылъхэр, пшынэр фIыуэ зылъагъу къалэдэсхэмрэ Налшык и хьэщIэхэмрэ куэду щызэхуэса пшыхьыр пшынэбзэ дахэкIэ къызэIуахащ КъБР-м и цIыхубэ артист Къуэдз Абубэчыр и гъэсэн пшынауэ ныбжьыщIэхэм. Абы къыкIэлъыкIуэу зэIущIэр езыгъэкIуэкIа, музейм и унафэщI Накуэ Феликс япэу къэпсэлъапIэр хуит хуищIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

- Ди псэм, ди гущIэм лъагъуэ къыщызыгъанэ, дахагъэм и лъахэм дыкъыщызыгъэхутэ гуэрщ нобэ ди нэгу щIэкIыр. Ди лъэпкъым къыгуэпх мыхъун и зы Iыхьэу пшынэр зэрыщытыр зыхыдощIэ, аращ, шэч хэмылъу, пэшым дыкъызэрыщIыхьэу, Лосэн Тимур зы пшынэ къиштэу тхуеуэну сыщIелъэIуар, - жиIащ министрым. – ПщIэшхуэ къелэжь Шэпар Алан, мыбы ищIар зы цIыху зыпэмылъэщын хуэдизщ. Зи лъэпкъыр, зи цIыхухэр, къэзылъхуахэр зылъытэ, зыгъэпэж, абыхэм фIы гуэр яхуэсщIарэт жиIэу зигу илъ цIыхур апхуэдэущ зэрыщытыр. Сэ игъащIэм слъэгъуакъым икIи зэхэсхакъым Алан лейуэ зыгуэр жиIауэ, имыIуэху зэрихуауэ. Щэху цIыкIуу хузэфIэкIыр елэжь, абыкIи адрейхэм щапхъэ яхуохъури, республикэми абы и цIыхухэми зыхащIыкIыну, дяпэкIи ефIэкIуэну си гуапэщ. Пшынэхэм я мызакъуэу, блынхэм фIэлъ тхыгъэхэм, сурэтхэм нэхъри куууэ фыхашэну къысщохъу макъамэм и дунейм. Гухэхъуэгъуэ нобэрей зэIущIэм къыфхудэкIуэну!

Мухьэдин музейм иритащ пшынауэ ныбжьыщIэхэм ящIа статуэткэ, пшынауэ Iэзэ Къашыргъэ КIурацэ и макъамэ Iэмэпсымэм, и хьэпшыпхэм я гъусэу щахъумэну.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэщ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмк1э и институтым и профессорхэу Шэрыб Валерэрэ Къашыргъэ Мадинэрэ. Ахэр гъэхуауэ, купщIафIэу тепсэлъыхьащ адыгэ пшынэм и тхыдэм, Кавказым щыпсэу лъэпкъ куэдым ар езым яйуэ къызэралъытэри къыхагъэщащ. Адрей макъамэ Iэмэпсымэхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ иужькIэщ ар ди деж къыщысар, ауэ абы увыпIэшхуэ щиубыдащ адыгэ лъэпкъым и гъуазджэм. ПщIэ зиIэ а макъамэ Iэмэпсымэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэм, дихьэххэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъу зэпытщи, мылIэжын, куэдрэ къыддэгъуэгурыкIуэн, ди щэнхабзэ гъащIэр зыгъэдэхэн ухъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист Лосэн Тимур жиIащ пшынэм ущытепсэлъыхьым и деж адыгэбзэкIэ умыпсэлъэнкIэ Iэмал имыIэу зэрыщытыр. «Зэхэзехуэн сищIащ гъэлъэгъуэныгъэм, сигъэпIейтеящ. Мы пшынэхэр фэрэ пхъэрэщ къызыхэщIыкIар, ауэ абыхэм къагъэщIа гъащIэм, псэуэ яхэлъым, цIыхуу ятеIэбам, кърaш макъамэм ущегупсыскIэ, куэд уи псэм щохъэ. Хэти ирипсэуащ абы, хэти ирилIэжащ, пэжым ухуеймэ. Нобэ мыпхуэдэ фIыгъуэр дэзыгъэлъагъужа Алан, гуми псэми къабгъэдэкIыу, Тхьэм уигъэпсэу, бжыдоIэ. Мыбы мылъкушхуэрэ къаруушхуэрэ зэрыхэлъыр дощIэри, ухущIыхьэну, уи Iуэху дахэ хъуну ди гуапэщ», - жиIащ Тимур.

Лосэным къыхилъхьащ, музейм и унафэщIыми къыдиIыгъащ гъэлъэгъуэныгъэр зэрекIуэкIыну мазитIым къриубыдэу, бэрэжьей махуэ къэс мы пэшым щызэхуэсыну, пшынауэ пшыхьхэр щрагъэкIуэкIыну.

Гъэлъэгъуэныгъэр зи Iыхьэ Iуэхушхуэр къызэгъэпэщыныр зи жэрдэм, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэри яхэту IуэхущIапIэ зыбжанэ къыкъуэувэу ар утыку къизыхьа «Мыд» щэнхабзэ центрым и унафэщI Мыд Ингэ къыхигъэщащ илъэситI ипэкIэ Алан къызэрицIыхуар. Коллекционерищым я гъэлъэгъуэныгъэу Москва къыщызэIуахам хагъэхьэн папщIэ кърагъэлъэгъуа сурэтхэм я зым итт Алан и пшынэхэр зытет дапхъэхэм я сурэтыр. «Абджэм къыщыщIэдзауэ а макъамэ Iэмэпсымэм «ирисымэджэн» щIэздзащ, - жеIэ Ингэ. - Сысабийуэ Налшык сыщыдэсам пшынэм и макъыр щIэх-щIэхыурэ радиокIэ зэхэтхырт. Нэсу къызгурыIуэртэкъым абы щыгъуэм а къулеигъэр, иджы мы Iуэхум сыпэрыхьа иужь, куэд щIэзджыкIри, си гур кIэрыпщIэпащ. А лъагъуныгъэр къызыгъэушар Аланщ. Iуэхур зэхэшэн, егъэкIуэкIын мурадым си Iэр зэрытезгъэхуэфам сыщогуфIыкIри, ар сыт и лъэныкъуэкIи къыздэфIыгъыну си гуапэщ. ЩIэгъэкъуэн къысхуэхъуа псоми фIыщIэшхуэ яхузощI, ди лъэпкъым къыхуэщхьэпэну сохъуахъуэ».

Мы Iуэхугъуэ дахэм хыхьэу, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыIэнущ. Псалъэм и хьэтыркIэ, накъыгъэм и 5-м, сыхьэт 14-м щIидзэнущ Шэджэм къалэм и Музыкальнэ школым и гъэсэнхэм я концертым. КъыкIэлъыкIуэ махуэм ирагъэкIуэкIынущ Шэрыб Валерэ зыхэт «стIол хъурей» (сыхьэт 15-м). Къашыргъэ Мадинэрэ абы и гъэсэнхэмрэ пшынэм и тхыдэм тепсэлъыхьынущ накъыгъэм и 13-м (сыхьэт 16-м). Езы Шэпар Алан накъыгъэм и 23-м экскурсие иригъэкIуэкIынущ (сыхьэт 12-м), и пшыхь мэкъуауэгъуэм и 12-м щыIэнущ (сыхьэт 16-м). Зыгъэпсэхугъуэ махуэм и макъамэ экскурсиехэр щыIэнущ накъыгъэм и 30-м, мэкъуауэгъуэм и 6, 20, 28 махуэхэм (абыхэм щыщIидзэнур сыхьэт 12-рщ). Вэрокъуэ Хьэсэн и «Кавказ многогранен» концертым мэкъуауэгъуэм и 20-м фрагъэблагъэ (сыхьэт 16-м). Гъэлъэгъуэныгъэр мэкъуауэгъуэм и 27-м концерт дахэкIэ зэхуащIыжынурэ (сыхьэт 16-м) и лэжьыгъэр къыкIэлъыкIуэ махуэм иухынущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Хабзэм щагъэгъуазэ

Мэлбахъуэ Тиморэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм щылажьэ «В кругу друзей» литературэ клубым щекIуэкIащ «О времени и о себе» зэIущIэм и къыкIэлъыкIуэ зэхыхьэр.

АР траухуащ адыгэ хабзэм, абы жылагъуэм дежкIэ иIэ мыхьэнэм. УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор ХьэкIуащэ Мадинэ Адыгэ хабзэм теухуауэ иIэ тхыдэ, щэнхабзэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм и гугъу яхуищIащ зэIущIэм зыкърезыгъэхьэлIахэм. Ар къытеувыIащ адыгэ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэмрэ щэнхабзэ щIэинхэмрэ я зыужьыныгъэр къыдекIуэкI хабзэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуэжам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, библиотекэм и унафэщI, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI, дипломат Емуз Анатолэ Адыгэ хабзэм и тхыдэм щыхутепсэлъыхьым къыхигъэщащ лIэщIыгъуэ зыбжанэ зи ныбжь а хабзэхэм адыгэхэм я щыIэкIэпсэукIэр, дуней тетыкIэр яубзыхуауэ зэрыщытар, абыхэм нобии щIэупщIэ зэраIэр, ауэ иджырей зэманым къигъэув Iуэхугъуэхэм языныкъуэхэр зэрытрагъэкIуэтар. ЩIэблэм ар гъуазэ, щIэгъэкъуэн зэрахуэхъур, тегъэщIапIэу зэраIапхъэр жиIащ ди нэхъыжьыфIым.

ХьэкIуащэ Мадинэрэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI Емуз Анатолэрэ.

Емуз Анатолэ библиотекэм и хьэщIэхэм, КъБКъУ-м и медколледжым щеджэхэм тыгъэ яхуищIащ щIэныгъэшхуэкIэ псыхьа «Инджылыз-адыгэ-урыс фразеологие псалъалъэр».

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, библиотекэм и унафэщIым и къуэдзэ Арзанунц Александрэ студентхэм захуигъазэу жиIащ псынщIэу зызыхъуэж, Iэмэпсымэ IэрыщIхэр ди Iэпэгъу щыхъуа иджырей дунейм щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр пхъумэным уелIэлIэн зэрыхуейр цIыхур цIыхуу къэнэжын папщIэ. Адыгэ хабзэращи, жылагъуэр узыншэнымкIэ абы къаруушхуэ пкърылъщ, Кавказым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ бджынымкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы щIигъужащ ХьэкIуащэ Мадинэ и къэхутэныгъэхэр Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, щэнхабзэм, зэрахьэ диным зыщызыгъэгъуэзэну хуейхэм зэращхьэпэнур. Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ адыгагъэм цIыхугъэр, нэмысыр, акъылыфIагъэр, лIыгъэр, напэр къызэрызэщIиубыдэр. Лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ къыгуэхыпIэ имыIэу бзэм епхыжащ. Ар щIэблэр зэрагъасэ Iэмалхэм ящыщу псом япэ, анэдэлъхубзэр умыщIэу хабзэми IуэрыIуатэми я купщIэр къыбгурыIуэнукъым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Иджырей жыг хадэхэр

Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я жыг хадэгъэкIхэм иужьрей илъэситхум пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэ лIэжьыгъуэхэмрэ щIыуэ хухахам и куэдагъым процент 20-кIэ хагъэхъуащ икIи гектар мин 43-м нызэрыхьэсащ. Ди къэралым псори зэхэту абыхэм хухахым я процент 25-рэ мэхъу ар.

2025 гъэм КИФЩI-м и мэкъумэш, фермер IуэхущIапIэхэм пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэу кърахьэлIэжам и куэдагъыр япэм щымыIэ бжыгъэхэм хуагъэкIуащ - тонн 1 мелуан. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2021 гъэм щегъэжьауэ хуэди 2,2-кIэ хагъэхъуащ.

Мыбдежым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жыг хадэгъэкIхэрщ а IэнатIэм хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщIар. КъапщытэжпIалъэм кърыубыдэу абыхэм я зэфIэкIым хуэди 2,6-кIэ хуагъэхъуащ: тонн мин 284-р илъэситху пIалъэм тонн мин 746-м нагъэсащ.

ПIалъэ жыжьэ ямыгъэIэпхъуэуи пхъэщхьэмыщхьэ, мэракIуэ лIэужьыгъуэхэр хэщIэным хуэунэтIауэ инвестицэ пэхуэщIэу 16 Кавказ Ищхъэрэм щагъэзэщIэнущ, псори зэхэту сом мелард 38-м щIигъу я уасэу. Апхуэдэ бжыгъэхэр къигъэлъэгъуащ Урысей мэкъумэшбанкым и IэщIагъэлI Шаматовэ Малика.

Абы зэрыжиIамкIи, иджырей жыг хадэхэр гъэтIысынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым бжьыпэр ди къэралым щиIыгъщ. Ди щIыналъэм и жыг хадэхэм гектар мини 4,8-кIэ къыхигъэхъуащ е процент 33-м щIигъукIэ. ИкIи, нобэкIэ, абыхэм зэхэту гектар мин 19,1-м нэблагъэ яIыгъщ. Апхуэдэ щыкIэкIи, КИФЩI-м пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэу щагъэтIысам и щIэлъэныкъуэр ди республикэм ейщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Шыгъажэр зэхаублэ

Налшык къалэм и шыгъэжапIэм накъыгъэм и 1-м къыщызэIуахащ мыгъэрей шыгъэжэгъуэщIэр. Зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шэшэным, Ставрополь щIыналъэм я шууейуэ 40-м нэблагъэ. Абыхэм къызэдагъэжащ шы лъэпкъыфIхэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР къежэкIыгъуи 6-у зэхэтащ, шууейхэм зэпачащ метр 1200 - 2000 зи кIыхьагъ гъуэгуанэхэр. Ахэр щIэбэнащ саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэр къэхьыным - КъБР-м и Правительствэм, Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьхэм щхьэкIэ ягъэувахэм. Псори зэхэту щыгъажэм щагъэджэгуащ сом мин 500-м нэблагъэ.

Шыгъэжэгъуэщ1эр къызэрызэIуахам щхьэкIэ ягъэува саугъэт нэхъыщхьэр къихьащ Падучев Артем, «Мистер Ледженд» шым тесу. ЕтIуанэ къежэкIыгъуэм япэ щыхъуащ Каппушев Мырзэбэч, «Пятигорск» шымкIэ.

Шыгъажэм щытекIуахэм саугъэтхэр иратащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Говоров Сергей, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед сымэ, нэгъуэщIхэми.

ГуфIэгъуэ махуэр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ.

КЪУЭЖЕЙ Алим.

Къыщиудащ

• Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Нефтяник» (Избербаш) - 4:0 (2:0). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Накъыгъэм и 2-м. ЦIыху 300 еплъащ.

Судьяхэр Мешков (Москва), Афонин, Бэхъус (тIури Краснодар щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Гирзишев, Балъкъыз (Кенжев, 78), КIэдыкIуей, Пириев, Блий (Дзыгул, 78), Гъуэгузокъуэ (Жабоев, 78), ХьэцIыкIу, Хьэшыр (Дзарасов, 86), Лысенкэ (Урыс, 72), Ибрагимов.

«Нефтяник»: Ремиханов, Салихов (Нурадинов, 67), Курбанов, Исаев, Акаев, Рагимов (Мирзабеков, 88), Маналов, Халилов (Умаров, 84), Караев (Ярахмедов, 67), Керимов, Темирсултанов (Газимагомедов, 88).

Топхэр дагъэкIащ: Хьэшырым, 21 (1:0). Лысенкэ, 31 (2:0). Хьэшырым, 66 (3:0). Ибрагимовым, 89 (4:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Курбановым, Блийм, Караевым, Темирсултановым, Гъуэгузокъуэм, Жабоевым.

ИУЖЬ джэгугъуищыр къызэмыхъулIа «Спартак-Налшыкым» къыдэщIхэр къызэрыдихьэжыным щэбэт кIуам икъукIэ гугъу здригъэхьащ. Сыти жыIи, а блэкIа зэIущIэхэм ди щIалэхэм куэдкIэ нэхъыбэкIэ дащыгугъат, арщхьэкIэ «Чайка-М»-мрэ «Динамо-2»-мрэ я щIалэгъуалэ гупым зэрыпэмылъэщамрэ Донецк и «Шахтёр»-м Налшык щыIэу къызэрыхигъэщIамрэ гукъыдэжыр хуабжьу ириудыхат. ЩIагъуэтэкъым езы футболистхэм я щытыкIэри. Ахэр тэмэм хъужын папщIэ икIэщIыпIэкIэ текIуэныгъэ дахэ щыIэн хуейт. Ар къащехъулIащ накъыгъэм и 2-м «Спартак» республикэ стадионым щызэхэта зэIущIэм.

Избербаш къикIа командэм мыгъэрей зэхьэзэхуэр мыIейуэ иригъэжьат икIи щIэхъуэпсырт адэкIи и ехъулIэныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщыпищэну. АрщхьэкIэ «Спартак-Налшыкым» зэрыпэщIэтыфар дакъикъэ тIощIкIэщ. Абы иужькIэ ди щIалэхэр къыщиудащ икIи къызэтегъэувыIэжыгъуейт.

ЯпэщIыкIэ Хьэшыр Алан бжыгъэр къызэIуихащ, мыгувэу Лысенкэ Сослъэн ар игъэбэгъуащ. А псом иужькIэ джэгум кърикIуэнумкIэ ущIэгузэвэн щыIэжтэкъым. Абы щхьэкIэ къэмынэу налшыкдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэм пащащ икIи къагъэтIэсхъакъым зэIущIэм и кIэух дакъикъэхэм пщIондэ. Дауи, хьэщIэхэм ар яхузэтеIыгъакъым икIи Хьэшыр Аланрэ Ибрагимов Магомедрэ бжыгъэр 4:0-м нагъэсащ. «Спартак-Налшыкым» джэгукIэ дахэ икIи купIщафIэ къигъэлъэгъуащ - аращ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэххэр абы зэрыщыгугъри.

ЗэIущIэр апхуэдэу фIыуэ къехъулIэрти, ди командэм и тренерхэм Iэмал ягъуэтащ куэдрэ ягъэджэгуну Iэмал зыхуамыгъуэт щIалэщIэхэр губгъуэм кърагъэхьэну. 78-нэ дакъикъэм апхуэдищ зэуэ къыхагъэхьэфащ икIи абыхэм мыIейуэ зыкъагъэлъэгъуащ.

Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIым и гугъу пщIымэ, абы бжьыпэр зэрыщиIыгъщ зи чэзу текIуэныгъэр зыIэрызыгъэхьа «Севастополь»-м. Абы командэ зыбжанэ къыкIэлъокIуэ, «Шахтёр»-р я пашэу. Мыгувэу «Спартак-Налшыкри» нэхъыфIхэм яхыхьэфынущ, зэIущIэ зытIущым ехъулIэныгъэхэр щиIэмэ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **ПСК** (Первореченскэ) - «**Шахтёр**» (Донецк) - **0**:**1**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - **2**:**0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **0**:**0**, «**Кызылташ**» (Кърым) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - **1**:**2**, «**Рубин**» (Ялтэ) - «**Заря**» (Луганск) - **3**:**0**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Чайка-М**» (Песчанокопскэ) - **2**:**0**, «**Нарт**» (Черкесск) - «**Победа**» (Хасавюрт) - **0**:**1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэри «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. Накъыгъэм (майм) и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм абы къыщригъэблэгъэнущ ди къуэш Адыгейм и «Дружба»-р. Абыхэм я зэIущIэхэр сыт щыгъуи удэзыхьэхщи, иджыри апхуэдэу зэрыщытынум шэч къытетхьэркъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Севастополь»	**6**	**5**	**1**	**0**	**13-3**	**16**
2. «Шахтёр»	**6**	**4**	**1**	**1**	**5-1**	**13**
3. ПСК	**6**	**4**	**0**	**2**	**11-7**	**12**
4. «Ростов-2»	6	4	0	2	10-6	12
5. «Ангушт»	6	4	0	2	5-2	12
6. «Спартак-Налшык»	**6**	**3**	**2**	**1**	**12-4**	**11**
7. «Кызылташ»	6	3	2	1	7-2	11
8. «Нарт»	6	2	2	2	7-3	8
9. «Рубин»	6	2	2	2	5-4	8
10. «Дружба»	6	2	2	2	5-6	8
11. «Нефтяник»	6	2	0	4	4-15	6
12. «Победа»	6	1	2	3	3-7	5
13. «Динамо-2» Мх	6	1	1	4	4-8	4
14. «Астрахань»	6	0	3	3	1-7	3
15. «Заря»	**6**	**0**	**3**	**3**	**3-11**	**3**
16. «Чайка-М»	**6**	**0**	**1**	**5**	**1-10**	**1**

Мэкъумэш туризм

Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я къуажэхэм зыщызыплъыхьыну, зыщызыгъэпсэхуну къакIуэ туристхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Уеблэмэ иужь илъэсым кърыубыдэу апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэм щIэупщIэм процент 20-кIэ хэхъуащ икIи зы цIыхум хуэзэу ику иту сом мин 12,5-рэ абыхэм щIатащ.

УРЫСЕЙ мэкъумэшбанкым и IэщIагъэлIхэм къызэрыхагъэщымкIэ, 2026 гъэми щытыкIэм зихъуэжынкIэ шынагъуэ щыIэкъым, ауэ, адэкIи апхуэдэу ар щытын щхьэкIэ, къуажэ туризмэм пыщIауэ къызэIуах щIыпIэщIэхэмрэ абыхэм я фIагъымрэ хэгъэхъуэн хуейщ, цIыхухэм абыхэм зэрызыщаплъыхьар иужькIэ гукъинэж ящыхъуу. 2025-2026 гъэм цIыху нэхъыбэ щыхьэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ингушым, Ставрополь щIыналъэм.

Къэбгъэлъагъуэмэ, ди щIыпIэ дахэхэм я закъуэкъым республикэм и мэкъумэш туризмэм и зэфIэкIыр къэзыIэтыр, атIэ, хьэщIэхэм фермер, уней IуэхущIапIэхэм зыщаплъыхьыну, зыгуэрхэр щалэжьыну ират Iэмалхэми куэд яIыгъщ. Псалъэм къыдэкIуэу, мыIэрысэ къыпрагъэч, бдзэжьей ирагъащэ, ахэр щагъэхъу фермерхэм щагъэлажьэ, кхъуейр зэрыхах щIыкIэхэр ирагъэлъагъу, ди шхыныгъуэхэр ягъэхьэзыр, нэгъуэщIхэри.

ХэзыщIыкIхэм зэрыжаIэмкIэ, 2027 гъэм и кIэхэм ирихьэлIэу мэкъумэш туристхэм я бжыгъэр мелуани 7-м ныщызэрыхьэсынущ ди къэралым. Фермерхэми а унэтIыныгъэм хэхъуэу илъэс къэс сом мелард 250-м нэблагъэ къаритынущ.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Шырдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.266
Заказыр №889
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.